ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№54 (24.024) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Путин Владимир къэралым щыпсэухэм зэрызыщІагъакъуэ, экономикэр зэрыдаІыгъ мардэщІэхэр игъэуващ коронавирус узыфэ зэрыцІалэм зыщиубгъу мы лъэхъэнэм

Урысейм и Президент Путин Владимир вэсэмахуэ видеоконференц мардэм ит зэІущІэ ядригъэкІыуащ федеральнэ къулыкъущІапІэхэмрэ щІыналъэхэм я унафэщІхэмрэ. Ар теухуауэ щытащ мы зэманым щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэмрэ къэралым щыпсэухэм, экономикэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалыщ-Іэхэмрэ. ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.



ПУТИН Владимир къыхигъэщащ цІыхухэр мылэжьэну ягъэуваУ щыта пІалъэм эпидемием зэрызиубгъум и псынщІагъэр ягъэмэщІэнымкІэ Іэмал къызэритар икІи узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм а Іуэхум нэхъыфІу зыхуигъэхьэзырын а зэманым кІриубыдэу зэрыхуэзфІэкІар. Узыфэм нэхъ къигъэгъзавэхэм, ар нэхъ хьэлъэу зэфыкІхэм щакІэлъэныплъын папщІэ зыхуеину псомкІи къызэгъэпэщащэ щыІа гъэзэныпІэ мин 29-р мини 130-м нагъэсыфащ, Іэмэпсымэ зыхэныкъуэнхэм хэдэу зрикъунум хуэдиз сымаджэщхэм зэрагъэпэщыфащ, тхьэмбылыр зэрагъбауэ Іэмэпсымэу хэпщІыкІыу нэхъыбэ ягъэхьэзыращ. Сымаджэхэм хущхьэфІхэр къагъэсэбэнурэ еІэзэ хъуащ, узым нэхъ лъэщу пэщІэтыфэ хущхъуэу къыщІагъэкІри куэдкІэ нэхъыбэ ящІащ.

ЗэхъуэкІыныгъэфІхэм ящыщщ узыфэр къахутэн мурадкІэ ирагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм я бжыгъэми куэдкІэ хагъэхъуэн зэрахуэфІэкІар. Махуэ къэс къэралым тестхэр щрагъэт цІыху мини 170-м нэблагъэм, ар дунейм щынэхъыбэ дыдэхэм ящыщщ. Абы Іэмал къет узыфэр хэмытІасэу къэхутэныкІэ, ар Іэпкълъэпкъым емыгуааУ щыкІэ абы пэщІэувэныкІэ, инфекцэм земыгъэубгъуныкІэ.

А зэфІэдгъэкІа псоми, къыхигъэщащ Президентым, Іэмал кьыдет эпидемием ебэныным и кьыбкІэпьыкІуэ Іыхьэм дыхуэкІуэныкІэ, цІыхухэр ІэмалышагъэкІэ зрагъэувэн хуей хьуа мардэ пыухыкІахэм мащІэ-мащІэуэр дыкъытекІыу щІэддзэныкІэ. Абы къыхэкІыу зэрыкъэралуи, экономикэм и Іэнатіэ псоми я дежкІэ мылэжьэгъуэ махуэу дгъэувауэ щытахэр еух.

Накъыигъэм и 12-м къыщыщІэдзауэ, зыхуэфащэ санитар мардэхэм дытету, Іэмал щыІэ хъуащ экономикэм и лъабжьэу щыт Іэнатіэхэм хыхьэ Іуэхущ Іапі эхэм - ахэр уухэныгъэрщ, промышленностырщ, мэкъумэш хозяйствэрщ, связырщ, энергетикэрщ, хьуГуэфІгъэхэр щІым къыщІэхьныырщ - я лэжьыгъэм щІадзэжыну.

Нэхъапэми хуэдэу, я лэжьыгъэм пащэнчуц властым и къэрал, муниципальнэ органхэм, къэувыІэ мыхъу Іэнатіэхэм, медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм, аптекэхэм, финансым пыщІахэм, ерыскъыпхъэхэмрэ цІыхухэр Іэмал имыІэу зыхуей хъу нэгъэущІхэмкІэ сату зыщІ тыкъэнхэм.

Абы кьыдэкІуэу, щІыналъэхэм я унафэщІхэм, езыхэм я деж щыщІыІэ щІыткІэм елъытауэ, санитар дохутырхэм я чэнджэщхэм тету, хуитныгъэ яІэщ УФ-м и Правительствэм гурыІуэу Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр нэсу эзтрамыухэжыну е иджыри пІалъэ гуэркІэ ахэр ирамыгъэжьэжыну.

Узыфэм земыгъэубгъуным нэгъэсауэ хуэхъэзыру щытыныкІэ хабзэр иджыри яхуэгъэзащ зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуахэм, апхуэдэуи уз гъэтІылъахэр зиІэхэм.

Къэралым и Унафэщ Іым интернатхэм, жьыкІэфэкІэхэр щапІыж унэхэм я лэжьыгъэм гулъытэ хэха хуащІыпхъэу кьиргъэуващ, абыхэм щІыпхэм я ныбжьыр зэрыхэкІуэтам, уз гъэтІылъахэр зрагъэІэм щхьэкІэ нэхъ набдзэгубдзапІлъэу якІэлъыплъын зэрызуейм къыхэкІыу. Егъэзауэ лэжьэн хуей зэрыхъум, гугъуехь куэд зэратещІэм къыхэкІыу социальнэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэхэм федеральнэ ахъшэ хэхахэри мазищкІэ хущІагъун хуеиІуэ Путин Владимир игъэуващ.

Президентым и унафэкІэ, апхуэдэу ахъшэкІэ зыщІагъэкъуэнущ сабий зиІэ унагъуэхэми. Нэхъ пасэу хэІущІыІу ящІауэ зэрыщытащи, цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм хуэдиз цІыху хуэзэу зыІэрымыхьэ унагъуэ хуэмыщІахэм ис, зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщІэдзауэ илъэсибл ирикъуа сабийхэм зэрадэІэпыкъу ахъшэр мэкъуауэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ кьыдахьн папщІэ дэфтэрэхэр зэрагъэпэщ хъунущ. ЛъэІу тхьилъхэр ятмэ, адэ-анэхэм мэкъуауэгъуэм зэуэ къаІэрыхьэжынущ дыззрыт гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къратын хуеи ахъшэр.

КъимыдэкІэ, коронавирус узыфэм гуГуехьхэр кьыззришам кьыхэкІыу, илъэсищым къыщыщІэдзауэ илъэс пщыкІух хъу дэтхэнэми сом мин пщІырыпщІ иратыну ягъэуващ, абыхэм я адэ-анэхэм я хэхъуэм, лэжьапІэ яІэ-ямыІэм емыльытауэ. Илъэсищ иримыкъуахэм хущІагъу ахъшэр зэрат щыкІэмэ зэхъуэкІыныгъэ халъхьащ. Сом мин тхуэрытху зратынур анэм и мылъкур зыхуагъэувахэм я закъуэкъым, атІэ илъэсищ иримыкъуа сабий зыщІэс унагъуэ псомИ апхуэдэ ахъшэ иратынущ. Абы папщІэ адэ-анэм е сабийм кІэльыплъыну зи пщэ далъхьам электроннэу лъэІу тхьилъ итын хуей къудейуэ аращ.

Апхуэдэуи хуэдитКІэ хагъэхъуащ сабийм ират пособие нэхъ мащІэ дыдэм. Псори зэхэту дэІэпыкъуныгъэ яГъуэтынущ урысей сабий мелуан 27-м: сабий щІынэхэм я деж къыщыщІэдзауэ школакІуэхэри хиубыдэу.

Къэралым и Унафэщ Іым къищта унафэм ипкъ итКІэ зыдэІэпыкъунухэм ящыщщ экономикэмрэ хэщІныгъэ зыгъэуста Іуэхущ Іапі эхэмрэ. Путин В. В. хьэрычэт Іэнатіэм зэрызыщІагъэкъуэну мардэщІэ игъэуващ - хэщІныныгъэ зыгъэуста Іэнатіэхэм хьихьэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм улахуэхэр иратын папщІэ абыхэм я унафэщІхэм хухахынущ процентитІ фІэкІа зытемыхуэ щІыхуэхэр, ахэр 2021 гъэм и мэлыжьыхь пщІондэ япшныжь хъунущ. А зэманым кьриубыдэу Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэхэм я процент 90-р ихъумэфмэ, щІыхуэри абы техуа процентри зэрыщыту къэралым хуитныжьынущ. ЛэжьакІуэхэм я процент 80-р хуэхъумэмэ, ахъшэм и зэхуэдитІыр къэралым хуитыжьынущ. ХэщІныныгъэ зыгъэуста Іэнатіэхэм хьихьэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэм яГэлажьэхэм улахуэхэр иратын папщІэ нэхъ пасэу яГэувауэ щытащ процент зытемыхуэ щІыхуэхэр, апхуэдэуи лэжьапІэ нэхъ мащІэ дыдэу зэрыз лэжьакІуэ кьэс хуэзэу хуахахьну.

Хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ, фейдэ кьеГэщІыным пымыщІа зэгухьэныгъэхэм хэтхэм 2020 гъэм и мэлыжьыхьым, накъыгъэм, мэкъуауэгъуэм ятын хуея наслогхэмрэ (НДС-м нэмыщІ) страховой взносхэмрэ щхьэщахащ. Абы щІигъэбыдэнущ ахъшэмрэ щатыжьын хуея пІалъэхэр хуагъэІэпхъуэным хуэунэтІауэ нэхъ пасэу къыхалъхьауэ щытэ Іэмалхэр.

Урысейм и щыхуэгу я щхьэ хуэлэжьэжу зезыГэтхауэ щытауэ кьэхэхъуэм техуэ налогыр зытахэми гулъытэ щхьэхуэ хуащІынущ. Абыхэм 2019 гъэм ята ахъшэр Президентым и унафэкІэ иратыжынущ, апхуэдэуи «налог мылъку», улахуэ нэхъ мащІэ дыдэу яГэувауэ хуэдиз хъуУэ, иратынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым накъыгъэм и 15 пщІондэ щыпащэ ягъэуваУ щыта мардэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Instagram сетым щиІэ напэкІуэцІымкІэ захуигъэзащ республикэм щыпсэухэм, КЪБР-м и цІыхухэр узыфэм щыхъума хъун папщІэ яГэувауэ мардэхэм къытекІыжьыным хуэунэтІауэ адэкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм я ІуэхукІэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ и Унафэщ Іым къыхигъэщащ ягъэуваУ мардэхэм хуэм-хуэмурэ укъытекІыж щыхъуну щытыкІэр «Роспотребнадзор» Іуэхущ Іапі эм белджылыуэ кьиз зэригъэлъэгъуар - ар узыфэр зэуалІэхэм я бжыгъэм хэщІныныр щысмджэхэм щеІэзэн гъуэтъыпІэ лейхэр щыІэныр, республикэм исхэм ящыщу тестхэр зрагъэтахэм я бжыгъэм хэГъэхъуэныр. Сымаджэщхэм гъуэтъыпІэ нэщІу яІэмрэ тестхэр зрагъэтахэмрэ я бжыгъэмкІэ республикэм ехъуГэныгъэфІхэр иІэщ. Сымаджж хьухэм я бжыгъэм и гугъу пщІымэ, мы зэманым узыфэр зэуэІауэ махуэ къэс наІуэ къэхъур зы мардэм зэрытетыр къагъэлъагъуэ къэпщытэныгъэхэм. А щытыкІэр яхуэхъумэмэ, е сымаджэ хьуауэ кьахутэхэр нэхъ мащІэ хъууэ хуежьэмэ, и гугъу пщІы хъунущ цІыхухэм захъуМэжьын папщІэ ягъэува мардэхэм хуэм-хуэмурэ кьытекІыным яужь ихьэным. Абы кьыхэкІыу унафэ къащтащ нэхъ пасэу ягъэува мардэхэм 2020 гъэм накъыгъэм и 15 пщІондэ кьыпащэну.

КІуэкІуэ Казбек цІыхухэм захуигъэзащ ягъэува мардэхэм тетыну, узыфэм ущызыхъумэ Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпыну. Узыфэм зэрызыщ ахъумэ нэкІуІупхьэхэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу кьызыхуэмыщІэхуэхэм ахэр жылагъуэ транспортым, сату щІыпІэхэм пщІэнщэу щыхуагъэушыну унафэ къащтащ.

«Ягъэува мардэхэр нэхъ псынщІэу Іутхыжьынкъ нобэ фэрэ дэрэщ зэпльытар. Аращи, шынагъэнщагъэм кьиубыдэ мардэ псори дывгъэгъэзащІэ, зыр адрейм, ди Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ дахуэвгъэсакъ, Іэмал зэриІэкІэ гъунэгъу зызэхуэдвмыгъэщІ, дызэкІэпъывмыгъакІуэ - абы дэ Іэмал къыдитынущ мардэм дыкъэкІыным дыхуэзыщэну япэ лъэбакъуэр псынщІэ дыдэу тчыныМкІэ. Иджыри тІэкІу зыхуэдвгъэгъэщэныж. Сэ къызгуроІуэ фызэрезэщар, ауэ а псори ди къарум кьихьынущ. СызэрызэхэфщыкІым папщІэ фЫщІэ фхузощІ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэм апхуэдэуи къыхигъэщащ хуэмыщІауэ псэухэм защІэгъэкъуэным хуэунэтІа Іэжьыгъэм адэкІи зэрыпащэнкр. КЪимыдэкІэ, къэралым и Президентым игъэувауэ цІыхухэм иратын хуей мыпТкур икІэщІыпІэкІэ абыхэм яІэрыхьэ хъун папщІэ щІыпІэм къыщащтэн хуей мардэ-хабзэ актэр пхыгъэкІыным хуэунэтІа Іэжьыгъэри щэщІауэ ирагъэкІуэкІынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● ТекІуэныгъэ Иным и махуэ

Нэхъыжьхэм йохъуэхъу

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кьыззригъэпэщащ «Звонок ветерану» зыфІища Іуэхур. Накъыгъэм и 9-м фракцэм хэтхэр телефонкІэ екъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм. А Іуэхур даІыгъащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іем Егоровэ Татьянэрэ абы и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ екъуэхъуащ Герасименкэ Нинэ, Юрковхэ Анатолийрэ Александрэрэ.

Герасименкэ Нинэ Тамбов областым къыщалъхьащ. Епщ Іанэ классыр кьиуауэ зауэр кьэхъеящ. Хьыджэбзыр 382-нэ батальоным и 56-нэ гуп щхьэхуэм хэту кьулыкъу щищІащ хьэуа кІэльыплъыныгъэмкІэ, хьыбар егъэщІэныкъэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ дзэхэм. Диспетчеру, шифрэхэм ирилажьэу ар щытащ. Герасименкэ кьыхуагъэфэща дамыгъэхэм яхэтщ «Сталинград зэрихьумам папщІэ» медалыр.

Зауэ нэужькьм бзылъхугъэр егъэджэныгъэ Іуэхум хэтащ. 1950 гъэхэм урысыбзэр щригъэджащ Налшык дзт милицэ школым (иджы Урысейм и МВД-м и Краснодар университетым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэщ). Псори зэхэту бзылъхугъэр егъэджакІуэу лэжьащ илъэс 70-кІэ. 2017 гъэм абы кьыхуагъэфащащ «КЪР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» цІэ лъапІэр.

Юрков Анатолий и ныбжьыр илъэс 18-м иту арат и адэм и гъусэу зауэм щыдэкІам. Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, «И хахуагъэм папщІэ» медалыр, нэгъуэщІхэри къратащ. Зауэ нэужьым Анатолий водителлу щылэжьащ «Севкавэлектроприбор» заводым. ГъащІэ гугъу иІащ Юрковэ Александри - ар нэмыцэ зэрыпхъуащІ зэрыхъунум щыхьэт техуэу тхьилъ.

♦1991 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГРТК) лэжьэн щІидзащ. А махуэм япэу эфирым кІуауэ щытащ «Вести» хьыбарегъащІэ нэтынри.

♦2000 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ къызэрагъэпэІ щащ федеральнэ щІыналъхэр УФ-м и Президентым и лЫкІуэу абыхэм щыІэнухэм я Іуэхущ Іапі эхэмрэ.

♦Урысеипщ, дззэешэ цІэрыІуэ **Невский Александр** къызэралъхурэ илъэс 808-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КЪР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъубж Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Урысейм и ЛІыхъужь **Къардэн Уэхьид** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и гъуэгуухуэ, «Мостстрой» ОО-м и генеральнэ директору щыта **Джэрыджэ Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Джанибеков Владимир** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, Кемеровэ областым и губернатору илъэс куэдкІэ лэжьа **Тулеев Аман** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ узэрэджыІакІуэ, композитор цІэрыІуэ **Уандер Стиви** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Зеущэ Іэуес** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщшешынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 14 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Алъпым дыгъужь хуэлъэщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм Налшык къалэм щыІэ «ЩІыхьым и МафІэ Мыужьых» мемориалым удз гъэгъахэр трилъхьащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъу махуэм

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ щрикъу махуэм, накъыгъэм и 9-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, а зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым пщІэ зэрыхуищІыр къигъэлъагъуэу, удз гъэгъахэр трилъхьащ Налшык къалэм щыІэ «ЩІыхьым и МафІэ Мыужьых» мемориалым.

А махуэм Налшык къалэм Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрамым сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 45-м щІидзэу къыщатащ Урысейм и Президент Путин Владимир цІыхухэм зэрехъуэхъуар. Сыхьэт 19.00-м щІыхуэр щымыу хуэщыгъуащ фашизмэм ебэну зи псэр зытахэм. Зы дакъикъэ дэкІри, зыпъэІэс псори кьыззщІыІэтэу къэІуащ махуэшхуэм и дамыгъэ хъуа, псомИ фІыуэ ялъагъу «ТекІуэныгъэм и Махуэ» уэрэдыр. ЦІыхухэр абы дежьуащ я унэхэм щІэсу, «Полк ухахъэншэ» онлайн-акцэм хэту.

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ щрикъу гуфІэгъуэ махуэр гъэлъэпІэныр иухащ, Налшык щагъэлъэта хьэрэкІыпІэ зэмыфэгъухэм уафэр дахащэу къызэщІагъаблэри.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Бахъсэн къалэ округым щыщ Іыхьэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринарием и ІуэхукІэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 31-нэ статьям ипкъ итКІэ икІи Бахъсэн къалэ округым хьэщхьэрыІуэ уз зыпкърыт псэуцъэ зэрыщымыІэжьым къыхэкІыу:

1. Бахъсэн къалэ округым хьихьэ Махуэм, ЛІыгъурым, Хэкум и хъумакІуэхэм, Бесленэйм я цІэхэр зезыхьэ и уэрамхэр зыхиубыдэ щІыпІэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым.

2. Кьару имыІэжу къэлытэн «Бахъсэн къалэ округым щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 28-м къыдигъэкІа Унафэ №24-РГ-м.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздзэ махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м
№46-РГ

Нобэ

♦УФ-м и Тенджыз ФІыщІэ флотым и махуэщ. 1783 гъэм тенджыз ФІыщІэм къыщызэрагъэпэщащ Урысей флотыр.

♦1754 гъэм пащтыкъ гуащэм, Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ, унафэ ищІащ Урысейм япэ къэрал банк къыщызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1829 гъэм Пушкин Александр Москва кърагъэкІри, Кавказым щызауэ дзэм хагъэхьащ.

♦1836 гъэм Урысейм ухуэн щыщІадзащ къэралым щыяпэ гъущІ гъущэгъэ, Петербург - Царское Село - Павловск щІыпІэхэр зэпызыщІэнур. Километр 26-рэ зи кІыхьагъ а гъущэгур кьызэІуахат 1837 гъэм щэкІуэгъэм и 11-м.

♦1888 гъэм Бразилием кьыщащтащ цІыхухэр ягъэпщылІу мыдэным теуХуа ирафо.

♦1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщІэхэм зыкъыщаІэтащ.

♦1921 гъэм ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищІащ цІыхухэм зыщагъэпэсэхуну, я узыншагъэм щыкІэльагъэплъыну унэхэр РСФСР-м кьыщызэІуихыным теухуауэ.

♦1927 гъэм Киев щыщыІэрагъэпэщащ «Динамо Киев» футбол командэр.

♦1950 гъэм Инджылыэм и Сильверстоун къалэм япэу щекІуэкІащ «Формула-1» къызэдэжьэхэр. Иджы ахэр дуней псом ЦІэрыІуэ дыдэ щыхъуащ.

♦1958 гъэм Швейцарием щыщ инженер Георг де Местраль иратащ зэгуэбла зэкІэрызыгъапщІэр къызэригупсысам, абыкІэ сату ищІ зэрыхъунум щыхьэт техуэу тхьилъ.

♦1991 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГРТК) лэжьэн щІидзащ. А махуэм япэу эфирым кІуауэ щытащ «Вести» хьыбарегъащІэ нэтынри.

♦2000 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ къызэрагъэпэІ щащ федеральнэ щІыналъхэр УФ-м и Президентым и лЫкІуэу абыхэм щыІэнухэм я Іуэхущ Іапі эхэмрэ.

♦1927 гъэм Киев щыщыІэрагъэпэщащ «Динамо Киев» футбол командэр.

♦1950 гъэм Инджылыэм и Сильверстоун къалэм япэу щекІуэкІащ «Формула-1» къызэдэжьэхэр. Иджы ахэр дуней псом ЦІэрыІуэ дыдэ щыхъуащ.

♦1958 гъэм Швейцарием щыщ инженер Георг де Местраль иратащ зэгуэбла зэкІэрызыгъапщІэр къызэригупсысам, абыкІэ сату

Си адэ Ацкъан Хьэсбий

Эссе

Си адэр куэдрэ си нэгу къыщІохьэ мыпхуэдэу: ар щІым хоплъэ, пхыплъыну хэт фІэкІа умыщІэну. ИужькІэ уафэм ходэІухь, зэми и нэр быдэу зэтрипІэу. Апхуэдэм деж сэри уафэм сыходэІухь, ву макъ гуэр зэхэсхыу къысфІэщІу. Нэхъыжьхэм къызжаІауэ сощІэ си адэр зауэм лЫгъэ зэрихьэу зэрыщыІар, кхъухьлъатэзехуэхэм зэрахэтар. Абы теухуауэ ёзым зыри къыбжиІэнукъым, сэ абы и гум щызэблэкІ пасэ щыхьэсщІэнум сынэсакІэжьым. Ву макъ гуэр къэІуауэ къыщыхъуа – си адэр уафэм ходэІухь, и нэ къуэлэнышхуитІым, зэщІэлыдэу, зыгуэр щызолъатэ, зэми хьэндырабгъуэ къысщыхъуу. ЩІыльэмрэ уафэмрэ яку щызоуэ зым емыщхь абы и плъэкІэр. Иджыпсту зыгуэр жиІэнущ жысІэу соумэзэх, сыполлъэ, ауэ зыри жиІэркъым, хэщэтыкІ фІэкІа. Хощэтыкіри - зыщІыпІэкІэ егъаэз, зыхуэкІуэр езыми имыщІэу. Сэ сысабийщ, иджыри псори къызгурыІуэркъым, ауэ куэд псэкІэ зыхызощІэ, зэщыгъуэ мыгурыІуэгъуэ гуэр къыстригъаеуэ. ЗыхэсщІэ хуэдэщ си адэм и псэр зезыхуэр. ИльэсехэрмакІуэ, сэ сыкъыдокІуэтей, си адэм и гум щызекІуэм нэхъри пыщІа сохъу. Мыпхуэдэ зы махуэ нобэ си гупсысэр хэтщ, уэсам хуэкІуэжауэ. Адэм и гъусэу губгъуэм сыпхрокІ. Езыр-езыру си щхьэм кхохьэ мы сатырхэр:

ЩхъуантІагъэр джабэхэм къожэх,
кЫриІэу мащІэу кЫуршыпс уэрэр.
УкъагъэуІэбжьу зыбгъэзэху,
щыщІонэ губгъуэм гъэгъа гуэрхэр.

Ар дуней псорщ. Иджы кІызогъэзэж ди кІуачэбгъуэм, мэзІыбым пыхьэж губгъуэм, си адэмрэ сэрэ дызытет лЫагъуэм. КъокІуэ мыпхуэдэ сатырхэр:

Гьатхэм и мафІэ зэщІэстам
И щхьэцыр къызэпхьщри Іугъуэу,
Сэ нобэ япэу гу лЫыстащ
Жьы сядэр зэрыхъуам имыгъуэу.

ИужькІэ си тхьэкІумэм къоувэ:

Дыздэкіуэм сядэр сяпэ итщ,
Егупуу и плІэр иуэзхужу.
Хуэдэт и ІитІымкІэ Іуигъэщт
Губгъуэм щызекІуэр гукъэкІыжу.
.....
Сэри си адэм ситт и ужь,
ЩхъуантІагъэм си нэхэр щІисыкІыу.
Дэ ди гупсысэхэр гъуэгу зырыз
Тетынкіэ хъуну сигу къэмыкІыу.

Ауэ щхьэж и нэкІэ деплъыжьт
Нобэ зи бзухэр ушэ губгъуэм:
Зым бий лъэужьхэр тригъэкІыжт,
Зыр гьатхэу щыІэр щхъуантІэу гугъэрт...

Куэд дэкІа нэужькІэ сэ къызгурыІуэнущ мис а зэтемыхуэныгъэр си гъащІэм и ІэфІыпІэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Арщхьакіэ ари игъащІэ псокІэ ззэгъэзэхуэн хуейхэм ящыщу къыщІэкІынущ.

Си анэр егъэлеяуэ фІыуэ слъагъурт, ауэ си адэм нэхъыбэу псэкІэ сыпыщІат, нэхъ мащІэу сыкъридзэу къысщыхъу пэтми, языныкъуэм и дежь сызэхимыщыкІыу, пхъашэІуэу къысхуощыту къысфІэщІми:

Бжьыхь схурт си адэм щІыгъуу. Сабиигъуэр
Сэ страхауэ къэслъытэжт имыгъуэу.

Мы Іуэхум зыкІи си гур химыгъахъуэт,
Ауэ чы лантІэу къагъэшт си пагагъэр!

Щызухуэрти си пщІыхьэм сэ чэщанэ,
Бжьыхь хунырт къысхуэнэжьр, нэхур щамэ.

Си адэм ибжт захуагъэм я нэхъыщхьэу
Балигъ сыхъуухкІэ си пщІэнтІэпс мыгъущым.

Бжьыхь тхурт, си сабиигъуэр хэдухуанэу,
Іэнэ лъакъуищыр къигъэувыыкІэ нанэ!

Чыхэр хуэсшийт си адэм, сигу пымыкІыу,
Абыхэм сышэсыну си нэ къикІыу...

Сэ сщІэжьыркъым зи гугъу сщІа уситІым щыщу дэтхэнэр яп къэкІуами, ауэ, дэнэкІэ къыщеГъажьэми, си адэм епха гупсысэхэр зы гурыщІэ иным хуокІуэж. Абы хэтщ си адэм пщІэуэ хуэсщІри, абы къикІуа гъуэгуанэ гугъум сызэрыпыщІари, дунейм сызэрытетым щхьэкІэ хуэсщІ фІыщІэри, нэгъуэщІ Іэджи. Абы игъащІэм ину псалъэ къыжиІакъым, ауэ псори зэхэсхащ. Абы зэи сигъэпущакъым, езым дэсльэгъуам и нэхъыфІыр зэрызыхьсльхьэнум и ужь ситащ. Сэ сщІэркъым ар сыт хуэдизу къысхуэарэзыуэ щыгъами - абыкІэ дауэ сепущІынт. А упщІэр сыпсэуэху иІыныну си гум кынащ. А упщІэм и жэуапыр си адэм и нэм щІэсльэгъэную сыхэтащ куэдрэ, арщхьэкІэ къызэхъулІакъым. Ар зауэлІ хахуэт, адыгэлІ нэст, гурыщІэр зыгъэпщкІуфэм ящыщт. ГъащІэмкІэ кЫигъэщІащ абы. Ильэс бгъущІым фІыуэ щыщІигъуами, и акъылыр нэхут, и гупсысэр убзыхуат, и лъым хэт а и хьэл быдэри зызмыхуэжт. Ди иужьрей зэІуущІэхэм ящыщ зым къэкІуат мы сатырхэр:

Хъуащ гъащІэр и пІэм иуджыхь.
Си адэр къыщІэкІыжьхьым унэм.
Абы и махуэхэр нэхъ кІыхьщ,
и жэщхэрщ зимыІэхэхэр гъунэ.

Къепсыха жьыгъэм иубыдащ
щытар дунейр зыхуримыкъуу.
ЛІы гъащІэм ари уигъэдэнщ,
абыи уесэжьнщ пхуэмыхьуу.

Си адэр сфІэкІуэда нэужьщ сыкъэзыухъуреихь дунейр зэрыгущІэгъунышэр нэсу щызыхэсщІар. Ауэ а дунейр фІыуэ слъагъу сызыщІари си адэрт - ар дэнэ тхьэжьи?..

АЦКЪАН Руслан,
КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ усакІуэ.

Нэхъыбэм нэкІэ къызоупщІ,
жэуапыр щызгъэпщкІун симыІэ.
И нитІым щызолъагъуэ гъущІ,
ара хъунщ езыгъэсыр щІыІэм...

Ар лЫыгъэ зыхэлъ щІыхут. Абы и псэм пкъы быдэ иІэт, хуэмыкъуу и гущІабгъэри къызэпхыщу. Ар сфІэгуэныхь мэхъуж, и гум щызэпекъуу щыта псор иджы зыхызощІэри. Си адэр дунейм ехьжа нэужь мы сатырхэр зыкІуащ:

Уахъытыншэу къысщыхъути, си адэ.
СыкъегъапщІэ мы гъащІэм аргуэру.
Сыпсэуныр уэрыншэу сегъадэ, -
ар лъэщыгъэкІэ хэти текІуэнущ.

Сыт-тІэ пщІэнур, дунейр мэкІэрахъуэ,
къэбзыхьащ къыщыгтыысыр мы щІылъэм.
КъэбгъэщІар мис иджыщ сэ щыслъагъур,
хъуа нэужькІэщ зыхэрш жьыхьэмкІэ сыплъэ.

СощІэ, жьыжьэ ІукІакъым уэ уи псэр, -
хуогузавэ утыку кЫринахэм.
Къелъэтыхь хьэндырабгъуэ хужьыбзэм,
щхьэ къысщыхъуэр ар уипсэрауэ?

Зэхихыным, жысІэнт зигъэпщкІуну
хьэндырабгъуэ уи гъащІэм пызыщэм.
КІуэрэ пэт жэр зищІыну хуей гуэрым
ар и лъэгум щихуэныр зым щыщкъым...

Си адэр сфІэкІуэда нэужьщ сыкъэзыухъуреихь дунейр зэрыгущІэгъунышэр нэсу щызыхэсщІар. Ауэ а дунейр фІыуэ слъагъу сызыщІари си адэрт - ар дэнэ тхьэжьи?..

АЦКЪАН Руслан,
КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ усакІуэ.

И Іэдакъэщ Іэкі Іхэр цІыхухэм нобэми къахуощхьэпэ

Мы тхыгъэр зытеухуа Уэрыш Нурхьэлий Хьызыр и къуэм адыгэ лъэпкъым хуищІам уасэ хуэгъэувыгъуейщ. Апхуэдэу щІыжьытІэм щхьэусыгъуэ хуэхъур «Адыгэ псалъэм» зэрыщыдзэжьа илъэс тІощІым кЫриуфыдэу зэфІигъэкІа лэжьыгъэшхуэм и закъуэкъым. Журналистикэм щыхьхьам къыщыгъэжьауэ псэухукІэ ар адыгэхэм хьэлэлу зэрахуэлэжьар зи нэгу щІэкІахэм я гукъэкІыжхэми, дэ тлъэгъуаэхэми хуитыныгъэ къыдат апхуэдэу жытІэну. Нурхьэлий и гъащІэр триухуащ лъэпкъым и блэкІар къэтІэщІыжьыным, абы и щІэблэм къажуэщхьэпэн Іуэхуэхэр къызэринэкІыным. Псэужамэ, илъэс 85-рэ иригъэкІунут ар мы махуэхэм.

УЭРЫШ Нурхьэлий Прохладнэ щІыналъэм хьихьэ Къэрэгъэш (Иналхьблэ) къуажэм къыщалъхуащ 1935 гъэм накъыгъэм и 12-м. Мэкъумэшыщ ІэнагъэуэмкІыщхьэуа ныбжьыщІэр и адэм и гъуэгум иригъэкІуну мурад ищІащ икІи курыт школыр хъарзынэу кІиуха нэужь, ар Тэрч мэкъумэш техникумым щІэтІысхьащ. Еджэн щІадзэри, Къэрэгъэш икІа щІалэр и ныбжьэгъухэм фЫ и лъэныкъуэкІэ къахэщу хуежьащ. Балигъ гъащІэм хьихьа Уэрышым и хьэлщэнхэр, и зэфІэкІыр нэхъ сэтей хуэхъурт. Техникумым щаджжэмкІэ экзаменхэр фЫ дыдэу итырт, лэжьыгъэм зэрыхуагъасэмкІи дагъуэ зыхуащІын дальэгъуртэкъым. И хьэлыр еджапІэм псыхьа щыхъуауэ, ар щІыхь пытпу къиухауэ 1954 гъэм Нурхьэлий я къуажэм егъэзэж.

Колхозым и правленэм и секретару лэжьэн щІидзауэ щытащ абы. А лъэхъэнэм къуажэхэм еджа, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ куэду дэстэкъым, уеблэмэ егъэджакІуэхэр, дохутырхэр щахурикъуртэкъыми, Нурхьэлий къельэІыри, школым ящащ. ИльэситІкІэ сабийхэм ядэлэжьауэ, Уэрышым мурад ищІащ и щІэныгъэм адэжкІэ хигъахьэуэну икІи 1958 гъэм Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и тхьдэ-филологие факультетым щІэтІысхьащ, журналистикэмкІэ и къудамэм щеджащ. Журналист Іэщ Іагъэр абы щызэзыгъэгъуэтахэм ящыщу абыкІэ дипломыр ягъэ зратыжар Нурхьэлийщ.

ФІыуэ еджэ къудей мыхъуу, зэІуущІэхэм, семинархэм жьыдэхэр хэт щІалэр япэщІыкІэ факультет, итІанэ университет комсомол комитетхэм хахащ.

Нурхьэлий гуащІафІэт, жант, сыт хуэдэ лэжьыгъэ, сыт хуэдэ къалэн и пщэ къыдамылъхьами, игуи и псэри абы етауэ, жэуаплинымгъэр куууэ зыхищІэу бгъэдэтт. Апхуэдэ лэжьакІуэ ВЛКСМ-м и обкомыр хуейти, еджэныр къимыуэ щыкІэ, Нурхьэлий абы инструктору щылэжьэну яшауэ щытащ.

Ильэс зыбжанэкІэ абы щылэжьа иужь, 1963 гъэм Бахъсэн ягъакІуэ. Абы районым и радио къыщызэгъэпэщын хуейт. Гудзакъэ зиІэ щІалэм а къалэнри гъуэзджэу егъэзащІэ икІи абы и япэ редактору лэжьэн щІедзэ. И бзэр, къызэригъэпэщ нэтынхэр, псом хуэмыдэу цІыхухэм, Іэхущ Іапі э зэмылІупсыжьыгъэхэм пыщІэныгъэфІ зэрахуиІэр партым и Бахъсэн райкомым и лэжьакІуэхэм ягу ирохьри, районым къыщыдэкІ «Коммунист» газетым ягъакІуэ. Нурхьэлий тхьэмадэ зыхуащІа къудамэм мащІэ-мащІэурэ зыкъиІэту хуожьэ. Куэд дэмыкІыу Уэрышыр редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ящІ.

Нурхьэлий район газетым хилъхьа зэхъуэкІынигъэхэм ящыщт еджакІуэхэр тхэным зэрыдригъэхьэхыр, Іэщ Іагъэлі эхэм я Іэнатіэхэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым газетеджэхэр щыгъуазэ хуащІын хуейуэ хэлэну яхуигъуват. Куэд мэхъу Уэрышыр зыдэлэжььаэр, журналист Іэщ Іагъэм ригъэхъуэпсаэр.

Районыр зыгъэпсыгъуэ щІыпІэ райкомым и къудамэм и унафэщІу щылэжьауэ, Нурхьэлий профсоюзым щыхуэзфІэкІынум епльыну мурад ящІ. Ар къыкІэрыху Іэнатіэхэм ящыщт - профсоюзхэм я Бахъсэн райкомым и советым и унафэщІу хах. 1979 гъэ пщІондэ ахъэлэлу щылэжьауэ, екъуалІэныгъэ мымащІи къыщихьауэ, абы Іэмал къыхукъуокІ фІыуэ илъэгъуэ журналист лэжьыгъэм пэрыхьэжьыну - «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым и корреспонденту мэуВ. ЕпэщІыкІэ пропагандэмкІэ къудамэм и корреспонденту, иужькІэ письмохэмкІэ, политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхущхьэмкІэ и къудамэхэм я тхьэмадэу лэжьащ.

Уэрышым и щІэныгъэм хигъахьуэ зэпыт: Мэзкуу, Дон Іус Ростов, Краснодар, Ульяновск, Владикавказ къалэхэм парт курс щхьэхуэхэр къыщиухащ. Ар филопотт, дунейм щекІуэкІ ІуэхуэхэмкІэ лекторт, идеологие лэжьакІуэт, публицистт.

Политикэр, цІыхухэм я зэхущытыкІэр зыхуэдэнур журналистым кузДкІэ ельытащ. Абы и лъэныкъуэкІэ Нурхьэлий зэхэщІыкІ Іыагъэзыбгъэдэлъ, жэуаплинымгъэр зыфІэлъапІэ, псалъэм хуэсакъ цІыху набдзэгубдзаплъэт. ЩІытыкІэр пэжу къыззэригъэльэгъуэным, ар бэм я деж зэрыинхьэсыным хущІэкъуат. А псор гулъытэншэ хъуакъым - «Мамырыгъэр зэкъуэтыныгъэрэ щыІэн папщІэ» республикэ саугъэтыр 1993 гъэм къыхуагъэфэщащ Уэрышым. КъыкІэтльыкІуэ илъэсым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» щІэ льапІэр къыфІащащ.

Зыхуэзэша, и псэм нэхъ пэгъунэгъу журналист лэжьыгъэм здыпэрытым, Нурхьэлий темэ щІэщыгъуэхэр къиІльыхьуэрт, рубрикэщІэкІэ къигупсысырт, псалъащхьэхэр игъэдахэрт. Куэдым ягу ирихьат «Адыгэ псалъэм» и пощт», «МафІэ мыужьых» напэкІуэцІхэр. Нурхьэлий журналист Іэзэм и закъуэтэкъым, атІэ икІи драматургие жанрми хуэлэжьащ - абы пьесэ зыбжанэ итхащ.

Ильэс куэд хуэдуэ къыдэкІ Адыгэпсо (Шэрджэс) стІолыщхьэ махуэгъэпсыр лъэпкъ щІэнгъуазэ пэльытэщ. Ди лъэпкъэгъуэхэм я къекІуэкІыкІам, ди зыужьныныгъэм зи гуащІэшхуэ хэзыльхьа цІыху щэджащхэм, Іэзэгъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым ятеухуа тхыгъэ кІэщІэкІэр абы щызэхуэхьэсащ. КъыдэкІыгъуэ къэс махуэгъэпсым йохуэ щІэщІэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, ди къэралым, дуней псом щагъэльапІэ махуэшхуэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, ди тхыдэми лъэужь дахэ къыщызыгъэна, лъэпкъым и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа цІыхушхуэхэм я цІэхэр, я гъащІэм теухуа тхыгъэ кІэщІэкІэр, бжьыгъэ, къэхъукъащІэ гъэщІэгъэнэкІэр, адыгэ щэнхабзэм, лъэпкъ хабзэхэм ящыщ Іыхьэкіэр, псалъжьыкІэр, жыгъэуэ купщІафІэкІэр, цІыху цІэрыІуэхэм я гупсысэхэмрэ щІыпІэ телъыджхэм хуэгъэпса хэзыгъэгъуазэхэмрэ. «Адыгэ махуэгъэпсыр» гъэхьэзырыным Уэрышым къаруушхуэ ирихьэлІащ, игури и псэри етауэ а Іуэху дахэм икІи щхьэпэм илъэс куэдкІэ телъэжащ лъэпкъым дежкІэ щхьэпэ тхыгъэкІэр, дэфтэрхэр зэхуихьэсыжу.

КъищынэмыщІауэ, Хэку зауэшхуэм лЫгъэ щызезыхьэхэр къэгъэльэгъуэным, хьыбарыншэу кІуэдахэр къэлъыхъуэжьным, къэгъуэтыжьным хуэунэтІауэ куэд хуэфІэкІащ абы. Апхуэдэу республикэм щыщу зауэм хэкІуэдахэм я цІэ-унэцІэхэр щызэхуэхьэсыжа «Фэеплъ тхылъыр» къызэрыдэкІами абы и гущІэ хьэлэл хэлъщ.

1999 гъэм Уэрышыр пенсэм кІуэри, «Адыгэ псалъэм» Іукіыжауэ щытащ. Ауэ апхуэдизрэ журналист лэжьыгъэм и куупІэм хэта цІыхум и къалэмыр зэуэ игъэтІылъыжьынт? Газетым тхыгъэ гъэщІэгъуэнэхэр, псалъэзэблэдзэхэр къытхуихьу, радиом папщІэ нэтынхэр игъэхъэзыру, ахэр цІыхухэм гунэс ящыхьуу адэкІи журналистикэм хэтащ Нурхьэлий.

Унагъуэ хъарэнри къыкъэтащ Уэрышым. Зы къуэрэ зыпхъурэ иІэщи, тІуми щІэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ, унагъуэ щхьэхуэхэщ.

Журналист Іэщ Іагъэм ильэс куэдкІэ хуэпэжа, нэхъыжьыфІу, цІыху гуапэу дунейм тета Уэрыш Нурхьэлий Хьызыр и хуэдизкІэ 2016 гъэм щІышылэм и 25-м дунейм ехьжащ, ауэ и Іэдакъэщ Іэкі Іхэр цІыхухэм нобэми къахуощхьэпэ. ЦІыхум дежкІэ нэхъыщхьэр лъэужьыфІэ хъуныркъэ-атІэ? Апхуэдэ насыпт къехъулІауэ къыдолытэ Уэрыш Нурхьэлий.

САНЭ Маринэ.

• Фэеплъ

Мыхьэнэшхуэ зиІэ тыгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым «Хэку зауэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм» проект гъэщІэгъуэныр и кІэм нигъэсащ. ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьлІэу ирашэжьа а ІуэхущІафэр иджыблагъэ тхылъу дунейм кытехьащ.

ИужькІэй илъэсхэм щІэныгъэлІэхэм къахутэжами, хъумапІэхэм щащІагъэтыжами, архив тхылъымпІэхэр зи тегъэщІапІэ къэхутэныгъэ щІэщыгъуэ куэд щІэныгъэм хэІущІыІу щыхъуу хуежьащ. ИпэжьІпІэкІэ тхыдэм щекІуэкІамрэ ар утыку къызэрыралъхьэжымрэ, зэтемыхуэу икІи зэхуэмыкІуэу щапхъэ куэд къыхэкІыу, зэныкъуэкъу кърикІуэ зэрыхъуар къэзпльытэмэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэм даззэрыхуэныкъуэр, мыхьэнэшхуэ зэраІэр къыбгуроІуэ. Хэку зауэшхуэм и тхыдэр и кІэм нэс къэкута хъуауэ жьапІэфынкъым, нобэр къыздэсым зэІумыбз куэдым ущрохьэлІэ, къыщІэгъэщын, щІэныгъэр зыщыгъуазэ щапхъэхэмщыхьэпльэжьын, щызэгъэзэхуэжьын хуей къыхохуэ. Абы тещІыхьауэ жьапІэмэ, институтыр зэлэжьа мы тхылъым фІагъ зыбжанэ дыболъагу.

Куэдрэ къэхъурыхьэн Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хуищІа хэлъхьэныгъэр зыхуэдэр къэзытІэщІыж лэжьыгъэ дунейм къытехьэу. Ауэ щыхъукІэ, нобэр къыздэсым а Іуэхугъуэм Іэдакъэщ Іэкі Іхэр. Тхылъыр яхуэщхьэпэнущ тхыдэтхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щезыгъаджэ егъэджакІуэхэм, студентхэмрэ еджакІуэхэмрэ, щэнхабзэм епха Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм, Хэку зауэшхуэм и тхыдэр зыфІэгъэщІэгъуэн псоми.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Нащхъуэ къызэрела щІыкІэр

Урысей гвардием къыхилъхьа «ТекІуэныгъэм и автограф» Іуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпещэ. Зи гугъу тщІы Іуэхущ Іапі эм Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щиІэ и къудамэм къулыкъу щызыщІэхэм ящыщщ Щомахуэхэ Аскэррэ Анзоррэ. А тІум иджыблагъэ щыгъуазэ дыкуащІащ я адэшхуэ Мэхъуауэ Нащхъуэ и зауэ гъуэгуанэм щыщ напкІуэцІхэм.

НАЩХЪУЭ фронтым Іухьащ 1941 гъэм и бжьыхьэм. А гъэм и щэкІуэгъуэм Харьков деж щекІуэкІа зэхуэу гуащІэхэм ар уІэгъэ щыхъуащ. 1942 гъэм Наллшык кърагъэгъэзэжри, а лъэхъэнэм зэхуашэса 115-нэ щууей дивизэм хагъэхьэ.

«Ди адэшхуэр зыхэта щуей гупыр 1942 гъэм Ростов областым къэкІыпІэ лъэныкъэмкІэ кьедза и губгъуэжьым ит Кагальницкэ станицэм дек къыщІохутэ. ЗэпэщІэувэныгъэ гуащІэхэр екІуэкІыу, Нащхъуэ зыхагъэхьа тІасхъэщІэх гупым хэтхэм Сальск райцентрым гьунэгъу зыхуащІри, абдежым зыщІыгъгъэбзыда нэмыцэ гарнизоным тоуэ, и топхэр зэхуэкъутэри, Сал псым тельъ лъэмыжьыр къагъауэ... Мы кІэхтъар Нащхъуэ а лъэтехъуэ и тхылъ абы дэлъам, зэхуихьэса сурэтхэмрэ и унафэщІхэм фІыщІэ къыхуащІу кІыхуатха и тхыгъэхэмрэ. А псоми шэр пхыкІри, зауэлІым и гу къэпсым нэмысу къыззэтеувыІат.

ЛІыхъужьыгъэр хахуагъэу зэрихьахэмрэ къалъытэри, Мэхъуауэ Нащхъуэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагъыщІэр, «За боевые заслуги», «За отвагу», «За победу над Германией» медалхэр, нэгъуэщІхэри. 2004 гъэм и бжьыхьэм ар дунейм ехьжащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ЩІы Хъурейм тет къэралхэм я нэхъыбэм зы илъэс къэмынэу нахъыгъэм и 12-м «ЦІыхухэм экологие щІэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэ» зыфІаща Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэжьі (мы зэманым абы-хэм нэгъуэщІ теплъэ яІэ хуэри). Абы теухуа унафэ кІыщащтауэ щытар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэІуущІэу Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ 1992 гъэм щызэхашарщ.

МЫ ІУЭХУМ и къызэгъэпэщакІуэхэм къызэрыхалъхьауэ щытам тетщІыхьымэ (ар икІи гурыІуэгъуэщ), экологие щэнхабзэм зегъэужьыным ящыщ къыхъурееихь дунейм и щытыкІэм щІыхуэзэ щІыныморэ ехьалІэ пэмыжьгъэ дэнэ щІыпІи щегъэжьІыпхъэщ. Абыхэм къызэральытэмкІэ, щІыуэпсым и щытыкІэм щытепсэльыхь дерсхэм щІыхуэзэ щІэгъэдэІуныр ЩІы Хъурейм и къкІуэныр шынагъэнэщу щыгъэтыным хуэгъэзауэ кърахьэжьа Іуэху нэхъ пажэхэм ящыщ зыщІ. Арагъэнущ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ дерсхэу къэрал куэдым щрагъэкІуэкІхэм зи гугъу тщІы унэтІыныгъэр щІыхагъэхьари.

Іэдакъэщ Іэкі Іхэр щІыхуэзэ щІэныгъэ-гъэсэныгъэ дерсхэр щІыгъэтыным хуэгъэзауэ щытам тетщІыхьымэ (ар икІи гурыІуэгъуэщ), экологие щэнхабзэм зегъэужьыным ящыщ къыхъурееихь дунейм и щытыкІэм щІыхуэзэ щІыныморэ ехьалІэ пэмыжьгъэ дэнэ щІыпІи щегъэжьІыпхъэщ. Абыхэм къызэральытэмкІэ, щІыуэпсым и щытыкІэм щытепсэльыхь дерсхэм щІыхуэзэ щІэгъэдэІуныр ЩІы Хъурейм и къкІуэныр шынагъэнэщу щыгъэтыным хуэгъэзауэ кърахьэжьа Іуэху нэхъ пажэхэм ящыщ зыщІ. Арагъэнущ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ дерсхэу къэрал куэдым щрагъэкІуэкІхэм зи гугъу тщІы унэтІыныгъэр щІыхагъэхьари.

Экологие щІэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэ

• Ди махуэгъэпс

Урысей Федерацэм а махуэм гулъытэ хэлэтыкІа хуащІын щыщІадзар 1996 гъэращ. Абдежым къыщегъэжьауэ, ди къэралым, зы илъэс къэмынэу, мэлыжьыхьым и 15-м къыщыщІэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 5 пщІондэ я зэхуаку дэлъ лъэхъэнэм («ЩІыуэпсыр хъумэным и дунейпсо махуэри» абы хьыбэу) дыкъэзыухъуреихь дунейр шынагъэнщэу щыгъэтыным хуэгъэза Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІ.

ЦІыхухэм экологие щІэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэм дэнэкІи щыІэ гъэсакІуэ-егъэджакІуэхэм сабий садхэм, курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІыуэпсым и щытыкІэм щІытепсэльыхь зэхьхьэхэр къыщызэрагъэпэщ, зэпеуэ гъэщІэгъэнэхэр щызэхащІ, Іэгъуэблагъэр щызэлъыІуагъэх, жыгыщІэхэр щыхрагъаса.

БЭРАУ Бышэ.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51-хэм итщ).

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VIII Конгрессым щызэпсалъэ Мэшбащіэ Исхьэкъэ Германием и лыкІуэ Уджыхъу Ихьсанрэ. *2009 гъэ*

90

Зэрыныкъуэдыкъуэр гужьгъэжь хэлъу зыдищІэжырти, Жэфар фыгъуэ бамПэм къызэщитхъыжьи зи Іэпкъ-лъэпкъ пщыкІуТ зэхуэдэхэм нэхъри дыджу еижыр. Нэхъ бжьыфІэу, нэхъ дахэу, нэхъ екІуу, нэхъыбэу дунейм тетхэм я мызакъуэу, а бжьыфІэхэр къызыхэкІа лъэпкъхэри зэрызэрыІыгъуу щы фІыцІэм щигъэльэдэнут. Бэхъуным и нэкІэ пори Іейт, пори мысэт. Мысэт ахэр езым фэбжь зэриІэжІэ, хэбгъэзыхьмэ: мысэт ахэр къызыхэкІа лъэпкъхэри езыр къызыхэкІам елъытауэ, фІыуэ зэрынэхьыбэмкІэ. Бэхъуныр дапщэщи бамПэм ихьырт: «Си щхьэмрэ си псэмрэ ещхь дыдэт си лъэпкъым къыІтыысар - бжьыгъэкІэ мащІащэ дыдэрэ эдэтІысам деж щІыналъэ щамыІэххэу!»

Жэфар зыхь бамПэ узыжьым щыгъуазэт и лъэпкъэгъу тэтэрхэу, аддэ Кърымым щыпсэу и пэшэгъухэр. Бэхъуныр фІыуэ къагъэхуалъэрэ къауатІыпщыжмэ, мо кІуэцІ гуанэ мыгъужьым зэхипщэфыну ер щы сыт щыгъуи хуэныкъуэ и кърым кІэмэшамэхэм я насыП джэшт. Жэфарти, иджы Къэбардеймрэ Кърымымрэ я зэуапІэ ихьэгъуэм ирихьэлІэу езым и вагъуэри къыдыщІэкІыну щыгугъыт. Щыгугъ къудей мыхъуу, хуэпабгъэрт а фейдэщІэх лъэжгъуэм. И гур игут Бэхъуным. ХъуэпсапІэ зэмыфэгъухэр зэригъэкІэсырт иджы къущъхьэлІым: Іэта-Ильяс зыщыщ нэгъуейхэр кърым тэтэрхэм къакъуэузэмэ, Іэджи эдэгъэхъэнщ! Зыми хуэмыдэжу Жэфар и гурыфІыгъуэр сонэхэм (куржы лІакъэм) я іцІэ щыхэхкырт. Къущхьэ Жэфар езыми сонэль щІэтт: и анэшхуэр а куржы лъэпкъым къалхуат.

Бэхъуным ещхь дыдэу бамПэжкъ гущхьэрыщхьэт Чынгыз-хъаным и кІэпсфэпс зыхэткІуа нэгъуейхэм я лІэужь Іэта-Ильяси. Щы хуэныкъуэ нэгъуейхэм дапщэщи къыдрагъэжеину хэтт я Чынгыз-хъан зэгуэр мы щыпІэхэр зауэкІэ къинхьэхуауэ зэрыщыгтар. Абы къыхэкІыну, мы щыр ГъэдащІыдэм зей адыгэхэм я Іыхьэгъуу зыкъаІыытэжырт.

ПщыхьэщхьэкІэрэ а ГъэзэрыкІуэ зэщІымыщхъуиплІым мафІэ зэщІалъхьэу пэрытІысхьэжа нэужь, къэкІуэну зэманымрэ абы къахуэдихьыну зэхъуэкІыныГэхэмрэ тепсэлъыхьырейт. Жэфар илъагъу хуэдэт кърым тэтэрхэр къытеуэу зэкъебгдейхэр зэтраукІа нэужь, бгы жьэгъухэм щІэс и къущхьэ ирэжъуащхэм адыгэщІыр хуиту зэрызэхуагъэшыжьынкІэ, езыми, тафэм тету, уней лъапсэ абрагъуэ къыззэрыпъысынр. Іэта-Ильяси, зэрынэгъуей лъэпкъэу Шэрджэс Ипщэм хуиту иригъэтІысхьэрт! Абыхэм я хъуэпсапІэхэр гурыІуэгъуэт, ауэ мыдреитІыр - Мырзэбэчэрэ Нэкъарпэ къэзыхуэкІыр сыту пІэрэт? Я лъэпкъэгъу адыгэхэр а зэш-зэрыкуІыкъым хальафэмэ, сыт хуэдэ фейдэкІэ-тІэ ахэр зэрыгугъэр? Абрэджри Мамсыри, дауи, щыгъуэзэщ адыгэ лІакъуэхэр гугъу ехьу къызэрыгъуэгурыкІуэм... Сыту пІэрэтІэ, ари яфІэмащІэ хъужарэ, ерыщу, ІиитІыж я лъэпкъэгъуэхэр иджыри щІагъэщхьэрыуэр?! ИтІанэ, щызэдзуэрэшэркІи зэгурыІуэртэкъым мы гъэзгурыкІуэ къызэрымыгуэкІэр: зым жиІэр адрейм фІэауант, зым и гугъэр адрейм и гъэугугъкъым.

ДзыньпІэ задзм щынэсым Іэта-Ильяс шхуэмылакІэр ишэщІащ. Абы и ужь кІэщІу ит Абрэджым ар и псэм темыхуэжу:

- Шым жьыгурыхьэгъуэ егъэгъуэт, насыпыншэ, зыми пичыркъым уи кІэр.

Нэгъуейм шыр къыжьдикъуапэурэ:

- Адрейхэр дэнэкІэ кІуа?

- Хэт а уи «адрейхэр»?

- Жэфаррэ Нэкъарпэ.

- ЗэрыдбгъэщІынур сыт?

- КъуршыпІэ гъэзгум цІыху лей щыІэкъым.

- Жэфар и Іей схужьІенкъым, ауэ Нэкъар ди щхьэ мыузым етшэкІыжа бозщ, - мэдыхьэшхыпІ Мырзэбэч, арыххэуи жимыІэпхъэ зэрыІэщІэкІам гу лъетэжри, дыхьэшхэпІыр (иджы мынэпІыкІэу) кърегъэдыхьэшхыкІыпэ: - Мамсыриим щепсых и хэщІапІэщ. Аращ жьісІэну с ыгъэхьэтыр. Зыгуэр хъунщ, ахэри... Уэ, мыдэ къызжьэІэт: сыт, уи лъэдакъэпэ уи пхэщІыщхьэу, къущхьэ нысашэм укъыщІыхьэлъеикІыжар?

- Быжьым фэкІэ сыкъецІыху. - Пщыгъупщауэ ара уи къуэр абы и деж зэрыщІыхьэщІар?

- УкъыщІыхужьнутэкъым, уи пащІэжьакІэр цІууэ зэщІэбупсатэмэ.

- УкъыззэщІну ухэту аращ, Абрэдж!

- Пны зэщхэм Іахуэмыдатэмэ, уи щыкІэ мафІэ егъэгъуэ къущхьэ нысашэм укъыхэщІэфтыжьынтэкъым.

- Уэр-щэ?! - Іэта-Ильяс и щІопщыр апхэудзикІэ щІихулыкІати, шы бэлэрыгъар кІэбдзкІэ щІэтхъуэри, фІалъэхэр иІэтыжат.

- Сэ си щхьэ Іэхуу зэпхар си къуэрщ. Аращ сыщІэпІэщІари. Догуэт. Зэхэпхрэ шыІпэ макъыр? Мывэ джеймкІэ неуэ.

- ЛитІым мыІэм зыкъуадзэрэ пэт, Жэфаррэ Нэкъарпэ къэкІуэр ялъагъу. Абрэджым фІэмыІуэху щыкІэу, Іэта-Ильяс жреІе:

- Зи цІэ ирапІуэ сыт хуэжІэрэт? Ахуэхэзэшати, мес.

- Уэ нэхъ ахуэныкъуэщ абыхэм сэр нэхърэ, - дзэлашхэу Абрэджым къыпедзыж нэгъуейм.

ШууитІыр къаззрыбгъэдыхьэу, Мырзэбэч макъ зэфІэзэрыхьакІэ:

- Фи лъэужьхэр хэвужьэпхъэжа?

- ЛІо, жьыхапхъэ хъуэ уфІэщІрэ ди щыкІэхэр? - кхыжьхолъэ абы Нэкъар.

- Мамсыр!..

- Сыт, Абрэдж?

- Къамэ зэхуэгъэдалъэ фымыкъут, кхъыІэ, къэбартхэм я хьэщІэхэр, - Бэхъун Жэфар зэщхьхаитІым я унафэр езым ІэщІэлъ нэхьей, яку зыдедзэри, къущхьэ-тэтэрыбзэкІэ «къэбарт» яфІищуурэ: - Мы къущхьэ тІысыпІэхэм щыкІ жьыгжмрэ мывэжамрэ тхьэмрэ тхьэлъыжэн жан ятетщ. Мырзэбэч, уэ езым дыбгъэлъщыртэкъэ дысакъыпэ? Неуэ, Нэкъар. Мо бгы жьэгъум дынэсмэ, си къуэш унагъуэхэр щопсэу.

- Сэ абы Іэхуу щызиІэкъым, - жиІэу Мамсырир иш иолъэдэкъэуэ.

- Къэгъаэз, - Мырзэбэч шу Іукъыжам кІэлъоджэ. Зэрынэхъыжьым нэхъри къыкъуогушхуэжьри, гие зыщІэнмакъ щабэкІэ: - Нэкъар, къэбгъэзэну бжеІатэкъэ!

Мамсырим шыр къыжьдекъуэри, и гупэр къимыгъаэзу зэтоувІэ. Мэгупсысэ. МыпІащІэуэр зыкъеГъаэзэри, хуэмурэ гупым къахуокІуэ. Мырзэбэч ирехупІапэри, губжьыр ирихьэлыуэ хуедз:

- Абрэдж, зэи зумыхьа цІыхугъэркъым сыкъэзыгъэувыІар, зэкІэ зыщхьэрмыкъыжьпауэ зепхьэ уи адыгэ пыІэрыр.

- ЦІыхугъэрэ адыгагъэрэ щызэрагъэкІэс щытыкІэкъым уэрэ сэрэ иджыпсту дызэрытыр, - и напІэр мыджжылу къыпопсэльэж модрейри...

Шухэр аргуэру гъуэгу зэдытохьэж.

КъикъуэлъыкІырт абрэдж щъхэуитым и гур: «Уэ, Абрэдж Мырзэбэч, адыгэм укъилъхуами, уадыгэлІкъым. Армыратхэмэ, уи уэрэкъыгъэр пуд пщІыуэ, кърым тэтэрхэр къыбзеихьынтэкъым. Уимыгугъэт, уипкъ къикІа уи бын закъуэм епха лейм дыщымыгъуаззу! Иджы, хьэ гъэсам ещхьу, абы и лъэужьыр зэщІопамэрэ удэтщ. Абы узэрыкъуэдэнт: и анэш Іыхьлыхэм я деж дэщІэгъу къыщІигъуэтыжащ. Быж Лыгъур щымыгъуаззу пІэрэ уи ІуэхущІафэ фІейхэм? Зэ мыдэ... Абы и кІэнри къыкІынщ зэгуэр».

Апхуэдзуэрэ, Мырзэбэч здигъэкъуаншэм, Нэкъар езыми зиухеижьрэтэкъым. ЗыкъуэцІыуІуэхьэжьрт иджы Мамсырыр: «Сэ-цэ? Хэт сыхъуну сэ? Шу закъуэу, абрэдж щъхэхуиту зыозлъытэж. Захуагъэм срительхьэщи, пэжьмрэ мысэмрэ, фІымрэ емрэ зэхэзгъэкІын си гугъэжу, дапщэщи сонькъуакъуэ. ЦІыхухэм якІу илъ хьэгъэшыргъэр къыызэкІымрэ зыхуэкІужьымрэ къэпТІэщІынку, къызэрыщІэкІыжкІэ, тынщкъым. Е-ей, тынщкъым!Ефэндым и жыІауэ, мы дуней нэпцІым пэжри пцІыри щызэхэпцІыхьжащ. Зыр - щхьэзакъуэу щхьэхуитщ. Адрейр - фызымрэ бынымрэ якІэрыщІащи, и унагъуэр игъэпсэуну йолІалІэ. Ещанэхэм, мо Жэфар ещхьу, зыри кхъуэмыныкъуэрэ щхьэгъэгъэзэпІэнэзу бамПэ фыгъуэм зрагъэзыж. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ, лъэрыгъуэм къымыкІхэу, шхуэмыпаІ кІэр теутІыпщхьаэ дэтщ, хэт нэхъ ІыІхъуми зэхагъэкІын я гугъэжу. ЛъкуэхъэлІэжэ уэнэтутхэмрэ я гугъу умыщІыххэ! Языкхэзыр шы хуэдэш и уанэгум итІысхьэну хуиткъыми, алащжь мэшэс. Абыхэм псоми елъытауэ, сэ бгъэм сридамэщ, жащым сримаззщ. Абыхэм псоми елъытауэ - сэ сыжьыкІэрахъуэщ... Сы-уафэгъуагъуэ гъэшхуэ! Пэжщ, сызыпІэмыпІыа лъэпощхъэпохэри къыщІысщІыхьэж Іэпыхури:

- Кърым хъаным и дзэр КъэбэрдеймкъэсакІэу ара?!

- ЖыпІэхэр сыт зищІысыр! - Джэмал хьэжым и набдзэ тхъуа гуэрэныцэхэр пІэжьажьэу лІыжь лъапцІэм хуолъ.

- Сэ сщІэ мыгъуэрэ. ЗэрыжаІамкІэ... Хъаныр гъуэгу тету жалати... - щІуу и гуэнэщхьэ лъэныкъуэ лъеим кІэлъыбэуэр зэщІыжж модрейми.

Япэу къэпсатьа лІыжьыр зыщІэупщІар Жэфар и псэм фо хьэкІуэу хэщэтати, Джэмал хьэжьр къуацэкІэ къаззрыхуэярри гуажэ зыщимыщІауэ гуфІэуэрэ:

- Хьэуэ... Мыхэр сэ си ныбжьэгъуэ арщ. Си унэ къыщыувыІэнущи, фэри фынекІуэкІ. Дыуэршэрынщ, дычэнджэщынэ.

Дыгъэр къуршхэм зэращхьэдэхьжу, бгыпІэ жьэгъуэр кІыфІ мэхъу. КъэІужьыркъым къуалэбзу узрэдхэри. Дыгъэм дыкъуэхэжа нэхъей, ахэри лъэужьыншэу мэкІуащІ. Іэхъуэ къыдыхьэжыгъуэм и Іэуэльауэрщ къурш хьэблэ щыкІум иджы щхьэщытыр. Жэмхэр мэбу, мэл закъуэтІакъуэзэр мэІуей, щыІ пэху ешахэм я хьэІуу зэпэджэр тхьэкІумэ Іупсыр иричу къущхьэ хьэблэм дэзщ. Къурш жьаІэмкІэ къех щыІэтыІэм хоупщІыуэж махуэ дыгъэм зэщІигъэпщтыра хьэуар.

Бэхъун Жэфар зыдэс хьэблэр, адрей къущхьэ тэтэрхэм яйхэми хуэдэу, зы бэнзэ къуэ Іуэзщ. Зэпэзэнэу зэрызэкІщІэсыр къущхьэхэм я хьэщІэихьэ хабзэм зыкІи егуаэрэркъым. Я ерыскъыр я Іэгущ, я гуэн бжэІулъэ пхъэрыгъажэ етакъым. Иджыпсту мис, щынэпри, къущхьэшхэри, къущхьэ бозэри пэрыхьэту зытет Іэнэм хьэщІэхэр ІитІэлъитІэу пэрысщ. Ахэр яГъуэгэрщэрыу къекІуэкІа лІыжьхэри нэплъыс-нэІусщи, куэдым щІоупщІэ, нэхъыбэжьым шэч иращІэкІ. Мэуэрщэр хьэщІэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ. ЛІыжьхэм зрагъэщІэну пылъщ Къэбэрдеймрэ Кърымымрэ я Іуэху зыІутым и пэжьпІэр. Нэрылъагъущ къущхьэхэр зы зэщымыщхъу гуэрым зэригъэпІейтейр. ХьэщІэхэри бэлэрыгъыу псалъэлэкъым. Куэд жаІэну зэримычэзури, щхьэтечу зэпсэлъылІэ щІэмыхъунри къущхьэ тэтэрхэм фІыуэ хъагурыІуэж къыщІэкІынщи, щІагъыбзэр уэрщэрым иобэкІ.

Пщыхьэщхьэшхэр зэфІэкІри, Іэнэхэри Іуахыжат. Абрэдж Мырзэбэч щхьэгъубжэ Іуэз нэф щІыкІум бгъэдэтщи, ви зэрыбыем ерагъкІэ пхьпІупхэ жащым хопІыызэ. Пышьм щІэс и ныбжьэгъуитІым Мырзэбэч и гупэри къахуимыгъаззэрэ и щхьэ хуэпсэлъэж щІыкІэу:

- ЗыгъэпщкІупІэфІ къэвгъуэтыжат икІэм-икІэжьым, Жэфар.

- Пэжкъэ, тхьэ, Мырзэбэч, - пІащІэу жиІэурэ Мырзэбэчи уКІытхьифэу нэгъуейм йоплъ. Іэта-Ильяс зэрыпІэрэпІарэр игу иримыкъ щхьэкІэ, кІэмыргуей ныкъуэм, дауи, фІэфІыпст абы къыхужиІэ щытхъу псалъэр.

Абрэджым ЫсыгурыІуэрт Іэта-Ильяс тэтэрылъ тКІуэтс закъуэм и хьэтыркІэ, адыгэу щыІэм мычэнджащэу зэребэкъуэнур. ИтІани, а нэгъуейм и щытхъупсым Мырзэбэч къыхущІэплъыт «кърым хъаным и мырэз» цІэ лъапІэр - Абрэджым дежкІэ егъэлеуэ лъапІэр! А гупсысэхэр зэригъэзэхуэрэ Мырзэбэч и пащІэкІэ щІодыхьэхыкІри, Бэхъуным йоупщІ:

- «Къэбарт» щыжьпІэхэм деж, Жэфар, сыбгъэпудыну уэхэткъым, уэ... Пэжкъэ?

- Сэ апхуэдэ лъэпкъ къисхакъым, си хьэщІэ.

- НтІэ, дапхуэдэ лъэпкъ къыпхар?

- Сэ жысІэну сызыхуеяр - ди лъэпкъэгъу къэбартхэм дыщыпсэун щІы къызэрыдамытырщ... - Жэфар къыщызэфІэзэрыхьар и чэзу дыдэу щхьэщІыжьу, лъэмакъ бжэмкІэ къыщыІуащ. Бысымми игу къызэрыгъуэтыжауэ:

- Зэхэфхрэ? Ар, дауи, си гъунэгъужьыр, Джэмал набдзапщІэрщ ар.

- Фи закъуэ? - жиІэурэ пэшым щтэІэщтаблэу къыщыхьыжащ Джэмал молэр.

- Дауэ ди закъуэнт, моло? Алыхьу закъуэр ди гъусэ пэжщ, - зэресагъэжжьу жэуап хьэзырыр ет Мырзэбэч.

- «Іэмин!» жыфІи Алыхьу лъэщым дыздэлъэІунщ. - Джэмал и набдзэшхуэкъэр зэригъакІуэурэ хьэрыпыбзэкІэ къибжар пэшым щІэсхэм кІэлъыжьажащ. - Къабылу Алыхьым тІиныну солъэІу, - жиІэурэ, молэм и къэптал жьыпм плІащІэу зэкІуэцІыпхъэжа бзыныхэуэр, пэщащэурэ, жьпым иригъэззгъажащ. Молэм зыгуэрхэр гукІэ зэпшачэурэ тэлайкІэ щымри, темыгушхуащэу къригъэжьащ:

- Уэллэхьи-биллэхи сымыщІэ ар зэрыжеСІэнур... Жэмыхьэтыр жасы нэужьым къыщыфпэплъащ Алыхьым и унэ мэжджыстым. Зыгуэрхэри жьифІэ зуэдэу зыфщІри, Іуэхум и пэжьпІри щхьэтечу фымыІуэтауэ... Жэмыхьэтыр гугъэнэдыгъэн хъуащ. ЦІыхухэр мэпІейтей. Поплъэ...

- Ди бысымыр хэтащ мэжджытым дынишэу, нэмэзыр абы щыдигъэщІыну, - Мырзэбэч и гъусэхэм къагурыІуэн хуэдэу яІуплъри, - итІани, гуэрэм апхуэдизкІэ дызэхихыкІати, жасыр мыбдеж щытщІмэ нэхъ хъэтщтауэ арщ, Джэмал. Алыхьым къабылу тІихи икІи дыкъэхъуэмэ. Мыдрейуэ, фи нэхъыжьхэр мыбдеж къыддыщысащ, пщыхьэщхьэшхэ щытщІми, абыхэм кхыжжаІэжьынщ псори...

- Пэжщ, Мырзэбэч, ди мыслъэмэн фарзыр тщымыгъупщэу сыт щыгъуи дигу ильщ, - Абрэджыр зэрымыгугъэхъуэ, къыдоущ нэгъуейр. - Фыригъэ. Щэч мащІи кхытевмыхьэу Къапплъэн-Джэрий хъаным фыпэплъэ. Ар лыгъэ зыхэлъ цІыху Іущщ. И къуэшхэм лей кхыфІригъэхьэнукъым. Дэнэ щыпІэ фыкъмымпсэуаMy, лъэпкъ Іуэхущ хъаным зэрихуэр.

- Тыркум и сулъТІан Ахьмэди къытщхьэщІтщ, - гуфІэуэ хьэщІэм и псалъэм пещэ Жэфар, - тыркулъ зэрытщІэтыр езы дыдэми щыгъупщэркъым, дэри зыщыдгъэгъупщэу къытхуидэнкъым. Къытхуидэну Чынгызхъанрэ Батий-хъанрэ я лІэужьым зэрыхуэфащэу дакъыхущІэмыкІмэ? Ахьмэд сулъТІаным зэи тщигъэгъупщэркъым апхуэдэ лІы щэджащэхэм дакъыізэрытекІар. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр: къэбарт пагэхэм ягу ар иджы къыгэкІыжьынущ!

- Жэфар, си псэм куууэ укъипплъэри укъипсэлъыкІыжаи! Си гум жьы дебгъэхури сыбгъэІуэтэжаи! - Іэта-Ильяс нэхъыщхьэщІэкІыпІауэ псалъэрт.

- Хэбдзын хэмылъу, пэжщ а жьыпІэр. Апхуэдэ лІы щэджащэхэм - Чынгызэ Батийдзэ - я лІэужьыр, дэ зэщІэ лІэужьыр щэрджэхэм къызэрамыпэсу я хьэмэшлъэпкъэм къузс хьурэт? Чынгыз и лъабжьэр Алыхьым куурэ лъэщу иузэщІащ! А дыкъызэзымыпэсхэр зэтезыукІэнур ди дзэщІакІуэхэрщ. Къапплъэн-Джэрий и Іэщэр зыщІарэІэ! - нэгъуейм Мырзэбэч дежкІэ зегъаззри:

- Пэжкъэ, Мырзэбэч? Фыслар фи фІэщ мыхъуамэ, - Іэта-Ильяс и къамэр замПэм къирихьырэ: - ЛъыкІэ тхъэ фхуэсІуэнщ!

Абрэджыр абы къыхуоплъэкІри, мыпІащІэу къысопсалъэ:

- Апхуэдэу умыщІамэ нэхъыфІт, нэгъуей.

- Едалуэ, хьэщІэ, уи ныбжьэгъум и жьІэм, - хуэмышэчыжу а псалъэмакъым къыхуоу молэри.

- Ар сытым къыхэкІыу?

- Ар... а иджыпсту зи гугъу пщІа шэрджэсхэм, а игъащІэ лъандэрэ фызэхэсу, фІы дыдэу фыкъэзыщІыхухэм къывдащІэ зы тІасхъапІэщ. ЖьІэгъуэ гуэр яІэщ адыгэхэм: «Нэгъуейм лъы илъагъумэ, и щхьэр жагъуэу мэунаэз», - жиІэ Абрэджым. - Хэт ищІэрэ... Уигу ар къэзгъэкІыжмэ нэхъыфІу къэслышташ. Уи псалъэр ди фІэщ пщІыну ухуэпабгъэмэ, лъым зэкІэ унэмыс. ЗыщІбгъэгъуэн Іэмал къыпхихуэнщ дяпэкІэ.

- Апхуэдэу къыщыфІльытэкІэ сынывэдэІуэнщ..., - макъ ехуэха дэгу зищІа-гъуэ Іэта-Ильяс и къамэр самПэм ирелъхьэжри, зыкъищІэжурэ кхъухкІиикІ: - Ауэ сэ сыдэарэзыкъым «Нэгъуейм лъы илъагъумэ...» зэрыжаІэм. Хэту щытми, ар къэзыгупсыса ди жагъуэгъу гуэрщ!

- Айуэ, айуэ, зыри пхуэщІэнукъым, ди хьэщІэ, - жеІэ Джэмал молэми, «айуэ» хьэрып псалъэм кхыкІым зы хъырщ химыщІыкІрэ пэт. - Алыхьу лъэщым дыздыщигъэунэху мы дуней хьэхум цІыху зэхуэмыдэ куэд зэдытетщ. Алыхьым жиІэраци: муслъэмэнэм фІыр щызефхъэ а фыздэщІыІэ дунейм. Ахэрэт кхъэзэрыфпэплъэри зыщІымыгъэгъупщэ. Жьыхьэмэ лъэмыжми фегупсыс. Алыхь лъэщыр кхъутщогугъ джаУру мы дунейм тетыр зэтедгуКІэу, щейтІаи, жин фІыщІи зытедмыгъакІуэу дыпсэуну. Иджыпсту кхъэзбжынщ Алыхьым и духьэ лъапІэу Иманыншхэмрэ Іей зигу илъхэмрэ дащызыхъумэр. Иджыпсту жысІэнущ «Алфэлакърэ» «Алмэсрэ», «Іэмин!» жыфІи, ар гукІэ зыщІэжэм си гъусэу кхъэдзэбжэ; зымыщІэжэм я пІэкІэ сэ езыр сыпльэІуэнщ.

ХьэщІэхэм духьэр ящІэртэкъыми, я Іэгуэгр яІэтри, «Іэмин!» жаІащ. Бэхъун Жэфар духьэр имыщІэрэ пэт, ар кхыбжыфэ зытригъауэу, и Іупэхэр елІалІэу игъэпІэжьажьэрт.

Джэмал молэм «Іэмин!» жиІэу щыувыІэжьым, Іэта-Ильяс игу кхъэзфІэнаеуэ:

- Уи зы махуэр махиущу убагъуэ, молэ. Уи фІыщІэкІэ духьэ лъапІэр кхъытщхьэщхьэри, ди псэхэм нэхуГэкІэ зыкъэужьыжащ.

Джэмал и напІэхэр Іэдэбу ирехьэри щабэу:

- Сэракъым а фІыщІэр зейр. Мы дунейр кхъэзгъэщІа Алыхьым и ІэмыщІэщ.

- Пэжщ, молэ, ар Алыхьым и фІыщІэщ, ауэ уэ абы урилъкІуэщи...

Нэгъуейм жиІам игъэхъытэ хуэдэу, моло набдзабгъэуэм зэрыуэу зэкІэлъэгъэпІащІэ:

- Ди гъунэгъу къэбартхэм я жьыІаэ, пэжщ, сэ исльам диныращ сызхуэлажьэр. Ауэ Алыхьым и лІыкІуэр сэракъым, Мухьэмэду бегьымбар лъапІэрщ, - жиІам кІэлъыгупсысэ хуэдэ, Джэмал зеІэжьэкри, адэкІэ кхъпещэ: - СщІэркъым си Іуэху зэрыхъунур, ауэ мы гъэ бжьыхьэм Мэчэм сыкІуэну си мурадщи... Абы сыкъинкІыжмэ, кхысхуагъэфэщэну сыщогугъ хьэжы цІэ лъапІэри.

(КъыкІэлъыкІуэнщ).

Сурэтыр **СэвкІуий Хьэмид** *ищІащ.*

**«Адыгэ псалъэ» газетым щIэхъыIурэ адыгэбзэм хэкIуадыкIыж е щIагъуэу щыIэрамыхьэж псалъэу къытедгъэзэкIэ зэхуэхьэсыну нужь дыщIихьам тхакIуэ цIэрыIуэ НалоАхьмэдхьан и фIыщIэ хальщ. Зэгуэрым, уэрэшэр дахэм хэту, къуажэкIэ Хьэтlохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) сыщыщу къыщищIэм, Налом къызыкъуихри, «Фызэрыпсалъэ диалектыр къызжепIэмэ, лэкъымлыку пхуезгъэщIнуц», жиIащ пыгуфIыкIыу. И жыIэкIам гушыIэ жьауэ къыщIырт, ауэ сыгупсысащ. Къуажэр Бахъсэн щIыналъэм зэрыхыхьэр, адыгэ тхыбзэм лъабжьэ хуэхъуари бахъсэн псэлъэкIэу зэрыщыгтыр жысIэнут, ауэ «лэкъымлыкум» зыгуэр зэрыкъуфлъэр къызгурыIуэрти, арат Iэнкъан сызыщIыр. Ахьмэдхьан абы гу щыльитэм, зэрихабзэу, ину ихъ гухэхъуэу дыхьэшхащ. «Хьарзынэ хъуащ зыри зэрыжумыIар, ущыIуэ нэхъ ар нэхъыфIщ, - пищащ Ахьмэдхьан, фIыуэ дыхьэшха нэужь. - «СщIэкъым» жыIпIэмэ, гъэщIэгъуэн куэд зэбгъэщIну Iэмал уиIэщ, ари щIэныгъэ ирикъункIэ зэрыхъунури зыщумыгъэгъупщэ. АтIэ, адыгэбзэм и Кладащхэр Зеикъуэ дэкIэрэхъуэуэ зэрыщIлъым ущыгъуаз?», - жиIэри къыщIиигъужащ.

АХЬМЭДХЬАН бгъэпсалъэну уасэ иIэтэкъым, и кьеГъэжьэкIэри гум дыхьэрт, жиIэри зэрыщIыгу гум кьинэн защIэти, си тхьэкIумэр тезгъэхуащ.

«Мамрэш КимкIэ еджэзу зы щIалэ бэлыхь диIащ», - кьригъэжьащ Ахьмэдхьан, - хуабжьу щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъу, зэхэщIыкI лъагэ иIэу. Пасэу дунейм ехьжащ, адмыхьумэ къэзыгъэIуэфжыгъэуэ щыта зеикъуэ псэлъэкIэм къэхутэныгъэ купщIафIэ трищIыхьыфIыну щытащ. И кандидат лэжьыгъэр щитхам, ар зытеухуар бахъсэн псэлъэкIэратэ, абы ирипсалъэ кьуажэкэр, ТIуащIэкIэ зэджа Бахъсэн икIи Шэджэн къэхъуитIым къедза жьлIэхэр, кьанэ щымыIэу зэщIигъэхьэгъат. ЩыIат Зеикъуи. Ауэ, зыхуихьыныр къыхуэмыщIэу, я псэлъэкIэм зэи зэщIынIи щIыззхимыхьа жьлэкIэхэм щыIуущ. И зекIуэр къызэрехьутIам дыщIыщIэупщIам, «Уэрэд, Ахьмэдхьан, псори къэрзынэтэм, сытми и щхьэусыгъуэр кьысхуэгъэзытрэкъым, ауэ схуэзмыгъэзахуэу зеикъуэдэсхэм я бзэр си Iуэхум хэтым», - жиIэзат Ким.

Мамрэшым зэмызыужу игъэщIагъуэрт псыхъуэмдалъэ мывэхэм я фэмрэ я тепIэмрэ ехьэлIауэ зеикъуэдэсхэм жаIэ псалъэхэр, теглъыджэ дыдэ щыхъурт адыгэбзэм иIэнкIэ фIэщ щыгIуеIуэ жьыхуэпIэнум псалъэтIыщ уэ хуэзэу мы къуажэм зэрыщызэрахьэр. Псори адыгэбзэм и Iэмэпсымэ, ауэ схуэзмыгъэзахуэу зеикъуэдэсхэм жаIэ псалъэхэр, теглъыджэ дыдэ щыхъурт адыгэбзэм иIэнкIэ фIэщ щыгIуеIуэ жьыхуэпIэнум псалъэтIыщ уэ хуэзэу мы къуажэм зэщыщзэрахьэр. Псори адыгэбзэм и Iэмэпсымэ, Уэ, щIалэ, зыгуэр пхузэхуэхьэсыжмэ, умыгъэжIыуэ тхыж».

«Зы унагъуэ гуэрым дашат Ким, - Мамрэшым и нэгу щIэкIауэ къызэрыдгъэзэшауэ щытахэр игу кьиригъэкIыжырт Налом. - ПщIантIэку дыдэм хуэзэу ит жыг жьауэм щIэс нанэм къызэриIыгъуу сэлам кьрихри, здихьынур кьыхуэмыщIэу зэхэзэжэ хъуащ. Унэм щIэлъэдэжри, езым зы щэнт къыщIихащ, зы щIалэ щIыкIу гуэрым Iэнэ лъакъуищIэ къыкIэпъыщIихащ, «Мыдэ мо къэтIыс, си щIалэ, нысэри щIэх **къипщэфыкIынкъэ...**», жиIэри игъэтIысащ, езыри бгъурытIысхьэкри, щIэупщIащ. Ким кIых зримыгъэщIу щIэкIуар щыхуиIуатэм, «Догуэ, нысащIэм **лэкъымлыку**тIэкIу хидзащи, уэлIурыкIыжуу хъунухъам», жиIащ, - ким, нанэм. ЗдэкIуа нанэм и псалъэкIэм зыIэпишауэ куэд кьригъэуэрщэращ а махуэм Ким, ауэ дыщэ нальэу кьыщыхьуар абы кьиПсэлъэм хэпхъа жьлэгъуэхэмрэ псэлъафэхэмрэт. Ауэрэ щысурэ хуэблэ нанэхэри кьызэхуэсащ. А махуэр игу кьигъэжIыкIыурэ жиIэрт: «А махуэм ящIэзэкIам хуэдэ зыщIынIэ кьыщIызэхъулIауэ жьлIэмэ, пщIы супсынущ». Зи ныбжьыр фIыуэ хэкIуэта щIыхуб3хэр щыпсалъэкIэ гу зыльитатхэм трищIыхьырти, кьуажэ зэпэщIыхьэм кьикIауэ кьыфIэщIыт, ауэ псори а жьлэм щыщт, уеблэмэ щIагъуэрэ Зеикъуэ дэмыкIаэр яхэтт. Я псэлъэкIэр щхьуэжIэплъыкIэт. Мис арат Ким зыгъэгуфIэри и жагъуэ зыщIри. ЩIигъэгуфIэ щIэгуэр кьигъэтати арат, и жьлэгуэр щIэхури - а щIэр кьызыхэкIыр зэрипхынм и щхьэр хуэкIуэртэкъым аращ. Сыт къикIыну щытами, зеикъуэдэсхэм я бзэр бахъсэн псэлъэкIэ дыдэкъым, жиIэри абы трищIыбдауэ щытащ Ким, ар тэмэму кьыхуэтуу утыку кьыриIэну игу иригIыкъэри. Хунэсакъым... Ким игъащIэгъуэ адыгэбзэм дыхуэныкъуэщ. Тхьж!»

Пэж дыдэу, Мамрэш Ким и лэжьыгъэм ущыкIуэцIрыплъкIэ, бахъсэн псэлъэкIэр зыIурылъхэм Зеикъуэр яхилъхьакъым, абы и гугъуи зыщIыпIи щищIыркъым. Ахьмэдхьан зэрыжиIауэ, Мамрэшым лжьыгъэ щхьэхуэ зэрыхуигращэу щытар абы кьегъэльагъуэ. Ауэрэ Нало Ахьмэдхьан IуэрыплъэщIэ практикэр едмыгъэжIыуэжIанкIэ Iэмал иIэ, ар пщэ кьыдилъхьэри, кьуажэдэс нэхъыжьхэр дгъуэзэршэрыну кьытхуихуащ. Абы кьыщIегъэжьауэ нобэр кьыздэсым зэхудэхьэри, щхьэихуэзэ ятIэпэнщи, и гъунэ итльауэ кьыщIыхьыркъым. Ауэ Зеикъуэр тIкIыжащ. Мамрэшым гу зылъитатхэм пэж зэрыхэпльыр.

Псом япэрауэ, Ким игъэпсэлъа нэхъыжьхэр «кьуажэ зэпэщхьэхуэхэм кьикIауэ кьызэрыфIэщIам» щыгуагъэшхуэ хэльтэкъым. Нобэрей Зеикъуэм апхуэдизу кьызэмыщIажьми, нэхъапIэуIэхь хьэблэ хьэблIэу зэхэсу, хэт дэнэ щыщми занщIэу кьащIэу щытащ. А хьэблэхэр езыхэр зэгуэр кьуажэ щхьэхуэу ТIуащIэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыпсэуащ. Апхуэдэщ, псальэм папщIэ, Бедыдж кьехьыжа Щоджэнхьэблэр, Фэндыкъуэ кьыдэкIыжа Бешкъэзакъэхьблэр, Ищхьэрэ кьуажэм кьыхэкIа Хьэтlохъущыкъуейр, нэгъуэщIхэри. «ЗэгъунэгъуитI я мэл бжыкIэ зэхуэдэкъым» жаIэ, хэти и псэлъэкIэ иIэжт, хэти и хабзэ зэрикъуэ, зы кьуажэ зэхьыхьажа нэужьи, а псор и хьугъуэфIыгуэу зыкъомрэ кьекIуэкIащ. ЕтIуанэрэуэ, «зы адыгэбзэ иIэнкIэ фIэщ щыгIуеIуэщ жьыхуэпIэнум псальэтIыщ хуэзэу мы кьуажэм щызэрахьэ» жьыхуиIамэ пэж хэпльт. Зы унагъуэ кIуэцIым зы хьэпшыпIэм е зы Iэмэпсымэм и цIэр зэтемыхуэу кьышцрагъуэну зыхуэIуа щыIэтэкъым. Щоджэнхьэблэм щыщ щыхьбзыр Хьэтlохъущыкъуейм яшэрт, абы пщащэ кьрашыртти Бжьэхъэкуейм кьашэрт, апхуэдэуэрэ кьуажэр зэхэжьхьырт, я бзэри зэхэпхъа хъурт.

Хьэтlохъущыкъуей псэлъэкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъэм гу льитат адыгэбзэмрэ литературэмрэ ильэс куэдкIэ езыгъэджа, тхакIуэ Джэдгъэф Хьусенри. Аращ псом япэ ящхь ихьауэ щытар зеикъуэдэсхэм я псэлъэкIэр зэхуэхьэсыжьыным. Куэди итхьжат, зыкъоми «Адыгэ псалъэ» газетми къытехуауэ щытат. Дэри Нало Ахьмэдхьан гу зылъэдигъэта мы Iуэхум и уэкьым ноби дрокIуэ, нэхъ мащIэ хъуми, щIэщыгъуэ гуэркэр кьыкъуэкIыурэ псалъалъэм хьдоГъуэв. Адыгэбзэр зэрыльащIэнщэр къэзыгъэльагъуэ дыщэ кIанэщ кьыззэкIэльетхьыхьну псалъэхэр. Ахэр нобэ зыщIэж, зезыхьэ щIагъуэ щыжьIэам, ди тхыдэм и лэр кьрадгагъэзэйри, теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр кьытхуагъэщIыжь. Дыдихьэхауэ зэхуэтхьэсыжкаэр щыIам и мащIэ дыдэщ. Ахэр зэгъэуIауэ газетджэхэм я пащхьэ кьитпльхьэмэ, дэри игъуэу кьыдопльэт.

Арыхъу - жраIэ псоми арэзы техъуэ, зыми мыхъун кьыхэзымыгъэкI цIыху.

Бапщэ - зи жьы Iурыхьэгъуэр хуэзэтемыбыдэу кIыхьу, хьэлъэ бауэм щцхэкIэ аращ жаIэр, «бапщэ-папщэ сиIащ, сжбгъэдэс», жаIэ.

Бгъэтку - гуащэ пыIэр ирагъэщIэращIу и щыгум хагъэзагъэ бзуущхьэ сурэт.

Бэтеущэ - пэмыплъауэ хьэщIэшхуэ зыхуеепсыкIэр зэрихуэ щыIыкIэ. «Бэтеущэ сыхъуащ, хьэщIэшхуэ сиIащ, сжбгъэдэс», жаIэ.

ГуартIэ - цIыкIухэр трагъэуп папщIэ ятIагъэуэмрэ хьэуазэмрэ зэхащIэри, кьыхащIыкI гуащэ лIэужьыгъуэм аращ зэреджэр. Ар мафIэкIэ ягъажьэрти, бзыхьхэужкIэ яхуэпэжу щытащ. ГушыIэ хуэдэу «и гуартIэм дыжьыбгъуэр и тIыкъущ» жаIэ, ар екIуу яхуэпамэ, дахэу ягъэщIэрэщIамэ.

ГущэбзащI - IэщlагъэцIуу пIэрэ жьыпIэну зы псалъэщ, цIыкIуэм щхьэкIэ гуащэ зэщIыпейм хуэжаIэу. Зеикъуэ хуэдэу гуащэбзащI щIэрыIуэ куэд зыдэса щыIэкъым, ГъунэгъуэжьыкIэм къикIыурэ гуащэ хьэпшыпхэр ирагъэщIу щытауэ яIуэтэж.

Гущэнэ - унагъуэ имыхьауэ пщIантIэм дэс тхьэмадэ шыпхъэм нысащIэр зэреджэ псалъэщ. «Гуащэмэ сеплъат, гуащэнэмэ сыкъелпIыжжат» жаIэ, нысащIэм деж тIуи я зэрыщIэзэхуэдэр кьрагъэкIыну.

Гущэпсынэ - икIуцкIуэ щымыIэу псышхуэм хэлъэдэж псынэ.

Гудэш - бампIэдэх.

Гужьпыз-гужьпыу - зи губжьыр ужьыж-кьызэщIэхъеижу щыт цIыхум цIыкIэ жаIэ. Тыркум щыIэ Iузнейлэ (Узун-Йила) иц адыгэхэмэ мы псалъэр яхьумащ, мызэмыгIэу жаIэу дрихьэлIащ.

Гунзазу хъун - езыр хуейуэ и нэр зэблэзыгъэпльым щхьэкIэ «гунзазу ухъуа» жаIэ. КьызытехьеикIар тхуэзэхгъэкIакъым.

Гурэшарэ - цIыкIу хьэлэл, зэбли зыщыщхьи щымыIэ, цIыхум егуапэ зэпыт, псоми гу кьабзэ-псэ кьабзэкIэ ябгъэдэт цIыхум аращ Бешкъэзакъэхьблэхэр зэреджэр. «Нэгъэсауэ гурэшарэщ, иш щыхьхьыкъым», жаIэ.

Гущэгъагъ - дунейм ехьжам тегъэ-тебжэшхуэр зы тэлай щыщащIэкIэ, хьэдагъэр зэпымыупэн щхьэкIэ гуащэм щабэ цIыкIурэ кьыдриидей гъым апхуэдэу йоджэ.

Гуэф - жыгым кьеуалIэ уз лIэужьыгъуэщ.

Гуэфтех - гуэзвэгъуэм иубыдауэ иIыгъ цIыхуэм хьыбар дахэ кьыхуэзыхьым апхуэдэу йоджэ. «Зы щIалэжькIэ гуэфтехщ», жаIэ пIыжьхэм ар зыхужаIэр ягъэ-гушхуэу.

ГъукIэ тур - мэкъупIэр щагуэшкIэ, гъукIэр дэкIыу щытакъым, жьлэм зэрыхухахынур ищIэрти. Кьужьаждэсхэр мэкъупIэ гушыIэм хуемыжьэ щыкIэ гъукIэм и Iыхьэр яГъэнахуэти, мывэ Iущащэ пIьэ-гуэкIэ тур тращIэрт. Аращ гъукIэ туркIэ зэджэри.

ГъукIэ щай - гъукIэм цIыхум яхуищIэ Iэзэхутхьэбзэм пщIэ щIымыхьу ауэ яхуищIэн хуей хьумэ, и IэгъуаГэ кьиплъа мыхъун щхьэкIэ зы щай нэхъ мыхъуми кьыхуэгъанэу щытащ. Адыгэ псапэ щIэкIэм щыщщ.

ГъукIэкъан - гъукIэм и гъукIэгъэсэн дыдэм нэмысауэ, ауэ зэззэмызэ Iэзэку псынщIэ гъэрэкмкIэ Iэпыдзэпэыдз хуэхъуу щIалэ щIэщ. «Ущдуэкъан, угъукIэкъан, уэкъанщокъуэ?» жаIэри псалъэ щыIэщ, зыхуэмыIэзэхутхьэбзащIэ щымыIэ щIалэ цIыкIуу псоми нэсым щхьэкIэ.

ГъукIэхуэхьэжэ - мэкъумэщ щIэгъуэм гугъу кьадекъа гъукIэм щхьэкIэ, гъавэ кьрахьэлIам щыщ зэхалъхьэри, ар хурагъахьэжу щытащ, гъукIэхуэхьэжэ жаIэри. ГъукIэ фадэри щIагъужьрт.

Гъулыбжь - зызышхыхьыж зэпыт цIыхур зэрыт щытыкIэм апхуэдэу йоджэ.

Гъунажэ - Iэхъуншэм щымыщу хаутIыпщхьэ мэлыр яхэзэгъэкIыжкIэ щхьэхуэу еxъэрэрэхьхI хабзэщ, аращ гъунажэ жьхуаIэр.

Дадис - кьупщIэм кьыхащIыкI зэрыджэгу гуащэ лIэужьыгъуэщ.

Джэгуэщ - театр; мы псалъэр гушыIэ хуэдэу зэрахьэми, техуэрабгъу жьIа хуэдэщ.

ДжэдыкIэнэз - кьэфэкIэ хабзэм щыщщ, щIалэм исльэмей щищIкIэ, зидзурэ и щауэгъуэм кьыхьуиплькIэ, ебакъуэ мыхъуу джэдыкIэ нэз хуащIыпт, «Исльэмей щыпщIфкIэ, зызэрыпIыырми деплъынкъэ», жаIэу. ДжэдыкIэнэзыр гушыIэщ, псоми хуащIу щытакъым. Исльэмей кьещIэ щIалэм джэдыкIэнэз щыхуащIыр кьызыдещIэ хьэщхэжбзым гугъэ пыIуэкIаIэкэр зэрыхуIуа ныбжьэгъуэхэм щызэдащIэм дежт.

Дзэль - дзэ зэхуакум дихьа шхьыныр драгъэхьыжьи щхьэкIэ ягъэныщIку кьэкIыгъэ лъабжьэщ. КъэкIыгъэ лIэужьыгъуэр кьытхуэзыIыхьэу жаIэ.

Дзэпсынэ - икIуцкIуэ щымыIэу псышхуэм хэлъэдэж псынэ.

Гудэш - бампIэдэх.

Гужьпыз-гужьпыу - зи губжьыр ужьыж-кьызэщIэхъеижу щыт цIыхум щхьэкIэ жаIэ. Тыркум щыIэ Iузнейлэ (Узун-Йила) иц адыгэхэмэ мы псалъэр яхьумащ, мызэмыгIэу жаIэу дрихьэлIащ.

Гунзазу хъун - езыр хуейуэ и нэр зэблэзыгъэпльым щхьэкIэ «гунзазу ухъуа» жаIэ. КьызытехьеикIар тхуэзэхгъэкIакъым.

Гурэшарэ - цIыкIу хьэлэл, зэбли зыщыщхьи щымыIэ, цIыхум егуапэ зэпыт, псоми гу кьабзэ-псэ кьабзэкIэ ябгъэдэт цIыхум аращ Бешкъэзакъэхьблэхэр зэреджэр. «Нэгъэсауэ гурэшарэщ, иш щыхьхьыкъым», жаIэ.

Гущэгъагъ - дунейм ехьжам тегъэ-тебжэшхуэр зы тэлай щыщащIэкIэ, хьэдагъэр зэпымыупэн щхьэкIэ гуащэм щабэ цIыкIурэ кьыдриидей гъым апхуэдэу йоджэ.

Гуэф - жыгым кьеуалIэ уз лIэужьыгъуэщ.

Гуэфтех - гуэзвэгъуэм иубыдауэ иIыгъ цIыхуэм хьыбар дахэ кьыхуэзыхьым апхуэдэу йоджэ. «Зы щIалэжькIэ гуэфтехщ», жаIэ пIыжьхэм ар зыхужаIэр ягъэ-гушхуэу.

ГъукIэ тур - мэкъупIэр щагуэшкIэ, гъукIэр дэкIыу щытакъым, жьлэм зэрыхухахынур ищIэрти. Кьужьаждэсхэр мэкъупIэ гушыIэм хуемыжьэ щыкIэ гъукIэм и Iыхьэр яГъэнахуэти, мывэ Iущащэ пIьэ-гуэкIэ тур тращIэрт. Аращ гъукIэ туркIэ зэджэри.

ГъукIэ щай - гъукIэм цIыхум яхуищIэ Iэзэхутхьэбзэм пщIэ щIымыхьу ауэ яхуищIэн хуей хьумэ, и IэгъуаГэ кьиплъа мыхъун щхьэкIэ зы щай нэхъ мыхъуми кьыхуэгъанэу щытащ. Адыгэ псапэ щIэкIэм щыщщ.

ГъукIэкъан - гъукIэм и гъукIэгъэсэн дыдэм нэмысауэ, ауэ зэззэмызэ Iэзэку псынщIэ гъэрэкмкIэ Iэпыдзэпэыдз хуэхъуу щIалэ щIэщ. «Ущдуэкъан, угъукIэкъан, уэкъанщокъуэ?» жаIэри псалъэ щыIэщ, зыхуэмыIэзэхутхьэбзащIэ щымыIэ щIалэ цIыкIуу псоми нэсым щхьэкIэ.

ГъукIэхуэхьэжэ - мэкъумэщ щIэгъуэм гугъу кьадекъа гъукIэм щхьэкIэ, гъавэ кьрахьэлIам щыщ зэхалъхьэри, ар хурагъахьэжу щытащ, гъукIэхуэхьэжэ жаIэри. ГъукIэ фадэри щIагъужьрт.

Гъулыбжь - зызышхыхьыж зэпыт цIыхур зэрыт щытыкIэм апхуэдэу йоджэ.

Гъунажэ - Iэхъуншэм щымыщу хаутIыпщхьэ мэлыр яхэзэгъэкIыжкIэ щхьэхуэу еxъэрэрэхьхI хабзэщ, аращ гъунажэ жьхуаIэр.

Дадис - кьупщIэм кьыхащIыкI зэрыджэгу гуащэ лIэужьыгъуэщ.

Джэгуэщ - театр; мы псалъэр гушыIэ хуэдэу зэрахьэми, техуэрабгъу жьIа хуэдэщ.

ДжэдыкIэнэз - кьэфэкIэ хабзэм щыщщ, щIалэм исльэмей щищIкIэ, зидзурэ и щауэгъуэм кьыхьуиплькIэ, ебакъуэ мыхъуу джэдыкIэ нэз хуащIыпт, «Исльэмей щыпщIфкIэ, зызэрыпIыырми деплъынкъэ», жаIэу. ДжэдыкIэнэзыр гушыIэщ, псоми хуащIу щытакъым. Исльэмей кьещIэ щIалэм джэдыкIэнэз щыхуащIыр кьызыдещIэ хьэщхэжбзым гугъэ пыIуэкIаIэкэр зэрыхуIуа ныбжьэгъуэхэм щызэдащIэм дежт.

Дзэль - дзэ зэхуакум дихьа шхьыныр драгъэхьыжьи щхьэкIэ ягъэныщIку кьэкIыгъэ лъабжьэщ. КъэкIыгъэ лIэужьыгъуэр кьытхуэзыIыхьэу жаIэ.

Дзэпсынэ - икIуцкIуэ щымыIэу псышхуэм хэлъэдэж псынэ.

Дзэш - жаIами ищIами яхуэтемыкI цIыху ерыщым аращ зэреджэр. «Жакъ дауэ ещI», жаIэ имыкIуэтыхэкэм щхьэкIэ.

Жангъэзэш - гушыIэ кьэфэкIэ лIэужьыгъуэщ; хамэ жьлэ кьикIа хьыджэбзыр кьыщагъэкIам зэблэкIыу кьыщагъэфэм деж «жангъэзэшыр кьэзэрехьэжьащ» жаIэ. Хэку зауэшхуэм кьыкIэлIыкIуа илъэс зыбгъупщым иджыри джэгуэм щыплъагъуу щытащ жангъэзэшыр.

ЗильэсыкIыжьи - кьэфэкIэ хабзэм щыщщ; хьэджэбзым щIалэр кьыщыбгъуурыжьыкуйм деж-кIэ, абы зыкьыIэщIихьэ хуэдзу зигъэджэрэзуэрэ кьызэрыбгъурыфIыжьым щхьэкIэ «зыкьыIэщIилъэсыкIыжащ», жаIэ

КIуагъэжь - кьыщиу; зи нэр зыгуэу зыльитатхэм зыкъомрэ зигу хуэмыкIыуэ.

КIуэрыбз - лъэсу куэд кьэзыкIухь, лъэсу кьэкIухьан зыифIэфI.

КIыщIэхь - жьлэм дэсхэм Iузхутхьэбзэ яхуэзыщIа гъукIэр яГъэфIэжьан гухэлъкIэ зэрыхуэупсэм аращ зэреджэр. Ауэ тыныр гъукIэм ираттэкъым, атIэ кIыщыбжэм дежь яГъэтIылъырти, кьыщанэрт. КIыщIэхьыр нэхулъэр кьызэкIэщIимытхъ щIыкIэ зыхуэщIапхъэм хуэщIэн хуейуэ апхуэдэут зэрапльытэр. Псалъэр Iуэнейлэ иса адыгэхэми яхьумащ.

КIэпхьнтеж - нысашэ джагу хабзэхэм ящыщщ. Куэбжедэнэм кьыкифIэкIа пхъужьхэр пщафIэ цIыхубзхэм кьаГъафэу хабзэ щыIэщ, абы щхьэкIэ гуфIапIщIэу кIэпхьн бла ирату. ТемыкIыжу нэхуэ хъуа, ауэ ар кьаззрыщыхьуну имиГъапэ цIыхуращ.

Курмэз - губгъуэ, тафэ, хуей хуэдэхэм зэгъэIуIауэ ит жыг Iэрамэ. Дуней жьыр Тхьэм кьыщигъэщIам, зэщIилъэщIэжри игъэдахэжат, жи. Илъэкъам щыгуфIыкIрыкIэ зэрыгъэ, пщIэнтIэпс кьекIуахэр щIыкIам хэткIуэри, курмэзхэр кьэунэхуэу аращ нэхъыжьхэм яIуатэр. ЖьауанIэ хъурэ цIыхум гупсэхуэгъэ кьыззэрыритым кьытехьеикIагъэнщ мы епльыкIэ дахэр.

Курмэщ ыIэрэ - кьэб жьлэ, чыщмыщ хуэдэу зэхэпхъауэ зыкьом зэхэлъэр, ар тхьэвым хапщэжамэ, апхуэдэу жаIэ. «КурмэщырэкIэ гъэнщIа тхьэлъэлу мэжаджэ» и гугъу ящIыж нобэр кьыздэсым зеикъуэ нанэхэм.

Курмэщ ыIэ/курмэ - зыгуэр щыззэрапххIэ, зэпхпIэм и кум хуэзэ зэрыдзапIэ.

КуэщIидзэ - унагъуэм кьыхьагъащIэ нысащIэр япэ дыдэу щыIыкIэ (щетIысэхкIэ), и куэщIым ирадзэ щэкIыпхъэ хужьым апхуэдэу йоджэ. Хабзэр нобэр кьыздэсым зэрахьэ.

Къакъылыш - джэдщIым кьырей, абгуэм иIэбэрей щIалэ цIыкIуэм щхьэкIэ жаIэ.

Къафэбжь - нысащIэр уэ щрашэкIэ, узредадэм хэту унэ бжащхьэIум нэс кьаIуэ щIалэхэр яГъэгушхуэ-яльытэ хуэдэурэ фабдэжь блакIэ, шхыныгъуэ щIэщыгъэкIэ яГъэгушхуэрэ ахэр нысэр зрашэ унэм ит хуэджбзэм кьаГъафэу хабзэ щыIэщ, ноби хьумэ хьуауэ. Абы зэреджэр къафэбжьащ.

Къафэкъан - кьытехьэу кьэфэну зыхуаГъэфэщан щхьэусыгъуэ гуэркIэ тэучэл имыщIмэ, и пIэкIэ езым зыхуигъэльагъуэр кьытращ хабзэщ, абы къафэкъанщ зэреджэр.

Къафапщ1э - кьытехьэу кьэфэну зыхуаГъэфэщан щхьэусыгъуэ гуэркIэ тэучэл имыщIмэ, «щIалэ Iыхьэщ, къафапщIэр кьызот» жиIэрти, хэкIырт. Къафапщ1э мэхъу ар кьэзытым сыт зыхуигъэфащэмк.

Къапэхьынтэ - жьы дыдэ хъуауэ хуэзэфIэкIыж щIагъуэ щымыIэу, здэкIуэхъужи щымыIэу пщIантIэм кьыдэнэжа цIыхум щхьэкIэ жаIэ. Нэхъыбэу зыхуэзэгъэщIа цIыхухъуращ.

Лэкъымлыку - адыгэ щхыныгъэущ, Бешкъэзакъэхьблэм кьыкIыжьауэ; и кум лы хьэжа дэлъу яГъажьэ дэлэн.

Мазизэ - мазэм и изыгъуэм хуэзэу дунейм кьытехьэ хьыджэбз цIыкIум щхьэкIэ жаIэ. Нобэ кьэдым иIащIэжужа мы псалъэр зэрызэрахьэр цIыхубзыдэущ.

МартIэ - жыг кьудамэм ятIагъуэр кьраупщIэкIрэ кьыхащIыкIыу щыта зэрыджэгу гуащэ лIэужьыгъуэщ.

Маро - уэим жьхуиIэщ.

Марэмыщ - уэим зымыщI, кьифIэмыIуэжу щытми, кьызыIэхэшмыгъэщIам щхьэкIэ апхуэдэу жаIэ.

Мыхъуарт1/мыхъуарат1э - хуэделэIу-делафэр щыт щIалэм щхьэкIэ жаIэ.

Мэщ - хьэ лъэпкьыгъэщ, кьуажэм дэс дыжьынIыгъэ уэрэд лъэпкьыу Бешкъэзакъэ зэрахуэу щытащ.

Нан(э)гъэтIыс - ноби кьэнауэ зэрахьэ джагу хабзэщ. ХьэгъуэлIыгъэр щекIуэкIкIэ, щIалэгъуалэм хагъэпльэну пхъу ямышэ, ахьэ кьэзыкIыж (зи гугъу ищIыр) кьуэрпльху-пхъурпльхуэращ) зиIэ нанэхэр кьрагъэтIысэкIыу щытащ. Я кьуэрпльху-пхъурпльхуэрэ кьызыдэфэ, кьагъафэ ныбжьыщIэхэм нанэхэр кIэлъплъынIыр куэд кьызыхэкI Iэхуэгъуэт адэкIэ ныбжьыщIэхэр нэсэIуаса зэкуэщIынми щыхуэкIуэжи кьыхьыжьрт.

ПIатIэжь - адыгэ джагу дауэдапщэм щыщ зы Iыхьэщ, пхъужь кьафэм хуэдэу лъэпкьым щыщ зи ныбжь хэкIуэта нысэхэм я кьафэщ. Къэзыгъафэхэри щIалэ фызкъэмышэхэращ.

Пщытепхьэ - дунейм ехьжа кьуажэпщам е лъэпкьым и нэхъыжьым и щыгъуэщI кьакIуэм гуауэр зыдэлъ пщIантIэм кьыдэмыкIыжа щыкIэ ину иухъудий хьадагъэм арат зэреджэр. ПщытепхьэкIэ гуп пыхьи, закъуэ пыхьи хъурт. Гуп пыхьэ щхьухэкIэ, «егъэлеяуэ яГъэлъэпIащ» хуэжаIэрт дунейм ехьжам щхьэкIэ.

Сыкъыу къафэн - щIалэм и къафэкIэ-къещIэкIэм теухуа псалъэщ; и пкъыр кьиплъейуэ, и Iэр и лъэм техуэу щIэзыдэ щIалэ къафэм щхьэкIэ «сыкъ жиIэу зэфIэту къофэ», жаIэ.

ТхьэвгъажэI - хупхъэм и лъэныкъуитIыжьэ иIэ убыдипIэ.

ТхьэрэщIащIэ - тхьэкIумэр Iуэрэ. КIыщыиудыж меданым зы тэлаИкIэ ву макъ зэхэпхьам щхьэкIэ жаIэ. Ар мелыйычм и гуфIэ макъыу къалытэрт. «Уэ мыр зи тхьагъушIащIэ, зэхэтхьнум и фIыр, тIъагъунум и щIагъуэр и нэгу щIэгъэкI» жаIэурэ нанэхэр тхьэ елъэIуу щытащ.

Уэлымэ - шым и лъакъуэм кьеуалIэ узыфэ лIэужьыгъуэщ. Уэлмэ жьыIэ щыIэщ.

Фиящщэ - хьэндрэфимэ Iэзэу епщэу, макъамэр дауэ къызыгъэкIыфым фиящщэкIэ йоджэ. «Пщым и щыхэпщыр жьIпIэн, пщым и фиящщэр жьIпIэн», жаIэ, дэIэпыкъуэгъу куэд, Iуэхутхьэбзащ1э куэд зиIэм щхьэкIэ.

Фыткъэ - жыгым зэрелIэзэ Iэмалщ. Жьыгым гъэщIэжьыкIыпауэ пыт кьудамэр гуагъэкIэжьыкIэ щхьэкIэ. И кьымрэ кьудамэмрэ зэхуакIэ щIэнкIэ зэкIэрашхэжырт. Ар гъупщIэжа нэужь, жыг пхъафэр тримыщIэжу тыкъырыкъыщхьэу кьонэ, фыткъэ жьхуаIэри аращ.

ХьэкIэс - зэрымыуж хьэкIэ кIыхь. «ХьэкIэсыр хьэщIэщIащ, пасэкIи схутемыж» жьIэкIэр щыIэщ.

Хьэндэт/хьэгудэт - и Iэхуи и дэлъи щымыIэу гуауэ е гуфIэгъуэ зиIэ унагъуэм дежь кIуэм щхьэкIэ аращ жаIэр.

Хьэтрэш - щIыхь псапащIэ.

ЩэщIыдэ - и тхьэмпэхэм трамэ тепIэ яIэу, и гъагъэхэм щакъафэ кьыщIыхьэу дыгъафIэ лъагапIэхэм кьыщIыкI удз лIэужьыгъуэщ. «Зи тхьапхэ гъагъэхэр щэщIыдэ, дзыхуейм и быдзэжр зи пхъэвакъэ», жеIэ зэрэдым. «ЩэщIыдэ псалъэр Тыркум ит Iузнейлэ щIыналъэм щыпсэу адыгэхэм ноБэми зэрахьэ.

ЩIэхэл бай - мывэ щхьэл, щхьэл гуэн, щхьэл кьуафэр зэрыщIэкIыжа щхьэкIэ. Щхьэл щхьэкIэ зэрыщIэзэрыдахьиж щIэщIапIэ.

Щхьэлъхъэт - щхьэлIым щызэрахьэ Iэмэпсымэхэр щахьумэ гъэтIылъпIэ, кьуасыр щыIэ кьуагъ гуэрым зэрыкъуэтым кьыкIэ я псалъэщ.

Щыпашэ - джагу хабзэхэм щыщ Iыхьэщ. Бешкъэзакъэхьблэм къахьыжа псалъэщ. Унэ ирашэ нысащIэр нэхъыжьхэм зэуэ я пащхьэ ирамышэу унэ кьызэрихьэрэ куэд мыщIа хъэблэ нысащIэхэм ящыщ зы нэрыбгэ ипэ ирагъэуэрэт, «щыпашэкIэ» зэдэжри ара.

Щыхьыж - хьэ лъэпкьыгъэущ, кьуажэм щыттхьыжа Iуэрыпуатэхэм кьыхэхуэу дрихьэлIауэ аращ, зыхуэдэр тхуэзэхгъэкIакъым.

IэрышкIэ - Iэпхъуамбэ нэхърэ мынэхъ ину ящI зэрыджэгу кьыдэт гуащэ цIыкIуэм арат зэреджэр.

Дадисымрэ IэрышкIэмрэ кьыхахьнур ямыщIэу сабийкэм хэдгъуейуэ кьыхахьрт. Зыр цIыкIут, уи жьпI иплъхэу, ущыхуейм кьипх хьуу Iэрыхуэт, адрейри нэр щыджьыпыкIыу дахэт, ауэ зэрыхуэсакъым кьыхэкIыу куэдрэ кьрахьэкIыртэкъым. Псоми щысхьым и щытыкIэм щхьэкIэ «уэ дадисыр уэотри, сэ IэрышкIэр кьызощтэ» жаIэ гушыIэу.

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ кьуажэ

● Адыгэбзэм щыщщ

«Уэ дадисыр узотри, сэ Iэрышкlэр къызощтэ»

*ХЬЭТIОХЪУЩЫ